

# Setyèm So A

63-0324E

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Mèsi, frè. Pandan nou ret kanpe, ann lapriyè.

2 Bondye Toupwisan, Otè Lavi ak Donatè tout bon don espirityèl, nou rekonesan tout bon kounye a pou tan kominyon ki pi bèle, pi fòmidab nou genyen nan Prezans Ou; ki make yon gran moman enpòtan nan vi nou, Seyè, yon tan ke nou p ap janm blye, kèlkeswa longè tan nou rete. E nou priye, Bondye, ke nan dènye sware sa a...Nou remake Lekriti, nan dènye jou fèt la, Jezi te kanpe nan mitan yo epi Li te kriye byen fò: "Si yon moun swaf, se pou li vin jwenn Mwen!" E mwen priye, Papa nou ki nan Syèl la, ke sa va refèt ankò aswè a, ke nou ka tande Vwa Seyè nou an k ap rele nou, epi k ap rele nou vin fè sèvis pou Li, mache pi pwòch Li. Nou santi ke nou tande Vwa L déjà, nan louvèti So sa yo, ki montre ke se dènye jou a, epi tan an pwòch. Akòde benediksyon sa yo ke nou mande a, Papa, nan Non Jezikri, e pou glwa Li. Amèn. Nou mèt chita.

3 M ta renmen ajoute sa, ke, pamí tout sèvis ke m janm genyen nan vi m, mwen kwè semenn sa se te tan ki pi glorye nan vi m nan sèvis. Kèlkeswa sa ke m genyen...Mwen déjà wè gran mirak ki akonpli, natirèlman, anvan sa, ak sèvis gerizon, men sa depase sa. Sa se te youn nan gran moman, ki pi enpòtan nan vi m, pou m isit la. E antan mwen wè ti tabènak la pran aparans diferan sa; pa sèlman sa, men enteryè a tou pran yon aparans diferan!

4 E, kounye a, m t ap mande Billy; li te si tèlman pran tan pou l te vin chache m. Li di gen yon lòt gwoup ki te batize. Sa ki fè, sa depase yon santèn, semenn sa a, de moun ki te batize nan Non Seyè Jezikri. Alò, nou—nou rekonesan. E ke Bondye beni nou!

5 E, kounye a, si w pa gen yon legliz lokal, nou envite w isit la, pou vin fratènize avèk nou. Jis sonje ke legliz la louvri. Nou pa yon denominasyon, e m espere e m gen konfyans ke li p ap janm yon denominasyon. Jis yon kominyon kote mesye yo kon fanm yo, tigason yo kon tifi yo, fratènize alantou tab Bondye a, e nou genyen tout bagay an komen.

6 Bon, e nou gen yon pastè fòmidab, yon vrè òm de Dye, e m si tèlman rekonesan pou sa. Si nou sonje, yon vizyon, yon lane pase, Nouriti sa a te anmagazine nan plas la. E se egzakteman sa. E nou...

7 Nou gen plas la kounye a, nòmal, pou klas lekòl di dimanch, pou tout laj yo, e nou jis trè rekonesan pou opòtinite sa a. Kèk moun te di, yon fwa, si yo jis ta gen klas pou lekòl di dimanch kote yo ta ka voye pitit yo. Bon, nou, yo genyen yo kounye a. Kifè, bon, alò jis vini kounye a menm e rete avèk nou si w pa gen yon legliz lokal.

8 Natirèlman, si w gen yon bon legliz kote w ap pèsevere, epi k ap preche Levanjil, e latrìye, ebyen, se—se jis yon lòt gwoup tankou nou, ou wè, ki yon lòt kote. Men si w pa gen legliz lokal, epi ou...

9 Mwen konprann anpil te, te demenaje soti lòt kote nan peyi a, pou fè de isi a legliz lokal yo. E nou sètènman byen akeyi w isi a nan Pawòl Seyè a. E mwen sonje, mwen devine, lè m te pati, m te di nou ke—ke sèvis yo, osi lwen ke mwen te konsène, t ap fèt isit la nan tabènak la.

10 M pokonnan tout sa Seyè a rezève pou mwen pou lavni. Mwen remèt sa nan men Li, pa kèk sipèstisyon oswa nenpòt bagay. M jis ap tann, jou apre jou, pou Li dirije m nan plas kote mwen ta ka fè yon meyè sèvis pou Li. E lè Li va fini avè m, alò mwen gen konfyans ke Li va resevwa m Lakay, nan lapè.

11 E, kounye a, mwen trè rekonesan pou kolaborasyon moun ki nan tabènak la. Kòm Billy t ap di m nan semenn sa a, ke, mwen panse, chak fwaye ki reprezante isi a alantou tabènak la gen yon moun ki akonpaye yo. Yo louvri, lakay nou ak plas nou, epi nou fè antre moun ki pat gen okenn kote pou y ale. Bon, sa se reyèlman jès Kretyen. E kèk fwaye jis mete tout moun nan chak ti kwen ke yo te kapab, pou bay moun yo yon plas pou rete.

12 Paske, tan sa a te vin trè difisil, poutèt rezon sa a, kèk zafè ki t ap pase, ki gen rapò avèk espò, kèk zafè baskètbòl oswa yon bagay, epi—epi rezèvasyon yo te gen tan fèt. An plis yon gran gwoup ki sot nan...

13 M panse, gen reprezantasyon isi a nan ti legliz sa a, anviwon, apeprè venntuit oswa trant eta ki reprezante isi a menm nan legliz la, anplis de nasyon etranje, alò, ak ti revèy sa a. Kifè, sa pran anpil plas, pou tèt pa l. Konnen...

14 M t ap mande m jodi a, ak kèk moun mwen te ye. M di: "Mwen te konprann pat gen twòp moun alantou Jeffersonville ki te nan reyinyon an."

15 Yon moun te pale, li di: "Nou pa ka antre." Ebyen, se, se te sa. Se te rezon an sa. Kèk nan polisye yo, e latrìye, te vle vini nan reyinyon an, men yo te di, yo t ap pale ozalantou, yo di,

men yo vini e yo pat ka antre, e ke li te deja ranpli anvan menm tan pou yo te ka antre. Alò yo te gen tan pa yo, petèt, pita, e yo pat vini. Kifè kounye a moun yo ap vin sot lòt kote, alò nou trè rekonesan.

16 Kounye a, m pa konnen. Pwochen bagay la k ap swiv sa, se va Sèt Twonpèt yo, nan yon lòt mesaj. Men, nan So yo, pratikman tout bagay enkli. Laj legliz yo te vini, e nou te mete yo nan plas yo an premye, sa ki te pi—sa ki te pi enpòtan, men...nan tan sa a. Kounye a louvèti So yo montre kote Legliz prale, e kouman L fini. E kounye a, mwen panse, Papa nou ki nan Syèl la te sètènman fè nou gras, pou pèmèt nou wè sa nou genyen...

17 E m ap di sa, antan m ap gade a ansyen nòt ke m te preche sou yo a, sa fè anpil lane de sa, m te jis antre kareman epi m te di sa m te panse ki te kòrèk, epi m te kontinye konsa. Se te yon fason pou soti nan liy lan. E kounye a, tout kat So yo, m te genyen sa nan yon sèmon ven minit apeprè, tout nèt. Kat kavalye yo, nan Apokalips, mwen te rasanble yo tout ansanm epi m te di: "Yon chwal te soti an blan," mwen di "petèt se premye laj la—la—la. Epi pwochen chwal la te soti nan yon famin," epi kontinye konsa. Men, o la la, lè Pawòl la te reyèlman devwale, Sa te elwaye de san mil de distans.

18 Kifè, se nesesè pou nou siveye epi ret tann. E petèt se te dwe nan moman sa pou fè l. Ka gen anpil bagay ki te di, ki ka pa agreyab avèk lòt moun. Men mwen kwè, lè gran moman lafen an va rive, epi nou va rankontre Seyè nou an, nou va wè ke Li te jis. Wi, mesye. Se—Se—Se reyèlman sa.

19 Bon, moun ki sot andeyò lavil, ki sot nan diferan plas ozalantou, ki sot nan diferan eta ak nasyon, ala mwen apresye senserite ou pou w vwayaje pandan tout distans sa yo, epi pou w pran vakans ou. E kèk nan yo pa menm gen kote pou rete! Mwen—mwen konnen, paske m te kapab ede kèk nan yo pou yo jwenn kote pou yo rete. Yo pat menm gen lajan pou manje, oswa nenpòt lòt bagay, e alò...epi vini, nenpòt kouman, an esperan yon bagay pral rive, pou okipe de sa. E avèk yon gran fwa konsa nan sa, ke menm si yo pa ta gen nouriti, oswa yon kote pou rete, yo vle vin tande sa yo, bagay sa yo rive, kanmenm. Sa vrèman brav, ou konnen. E tout moun te jis sitèlman bay yo a san pou san.

20 M te rankontre bòfrè m lan dèyè a la, ki te...li te mason pou poze brik yo sou legliz la, e latriye. E mwen t ap di I apwopo kouman mwen apresye travay li. M pa yon--yon mason k ap poze brik, oswa m pa konnen anyen sou sa. Men mwen konnen kisa yon kwen an kare ye, e si li poze on jan kòrèk.

21 Li di: "M ap di w." Li di: "Pat janm te gen yon tan konsa, apèn, ke ou te wè yon tèl amoni nan mitan lèzòm, lè yo tout ap travay ansanm."

22 Frè Wood, Frè Roberson, ak tout moun jis mete tout bagay nan plas yo. E frè a ki-ki mete akoustik la, m vle di sistèm son an ak tout bagay, nan legliz la. Yo di: "Tout bagay te jis fonksyone byen." Lè yo bezwen yon bagay, ta va gen moun lan kanpe la pou fè l. Alò se...Bondye nan tout pwogram la. Nou reyèlman rekonesan pou sa.

23 Gen anpil gran donatè nan legliz la, pou ede fè sa, tankou Frè Dauch ak Sè Dauch nou an ki chita isi a, ak anpil lòt ki fè gwo don pou koz sa a. E mwen panse, jis nan moman sa a, yo pa manke yon ti kras e tout bagay fin peye. Kifè nou trè rekonesan pou sa.

24 Sonje, se legliz nou, paske nou se yon sèvitè Kris. E se poutèt sa li konstwi isit la, yon pòt ki louvri pou fè sèvitè, e pou sèvitè ki déjà sèvitè Kris, pou antre epi rejwi yo nan kominyon ak Jezikri. E nou vle w konnen ke tout moun byenvini.

25 E bon lè nou tande m pafwa, nan moman onksyon an, m on jan ap dechire rido òganizasyon yo, sa pa vle di mwen—mwen gen anyen kont pastè nou, oswa kont nenpòt frè, sè, nan legliz. Paske, apre tou, Bondye gen moun nan tout òganizasyon ki genyen. Men Li pa aksepte òganizasyon; Li aksepte endividé ki nan òganizasyon an. E...Sa pa bezwen yon òganizasyon.

26 Kidonk, lè moun yo vin sitèlman mare alantou òganizasyon yo, alò yo pa ka wè anyen lòt ke jis sa legliz sa a di, ou wè. E sa brize kominyon youn ak lòt, e se yon sistèm ke Bondye pa pran plezi ladann, e se yon zafè monden ke Bondye pat janm òdone.

27 Alò, bon, m p ap pale de okenn endividé. Katolik, Jwif, kèlkeswa sa l ye a, oswa—oswa Metodis, Batis, Presbiteryen, nenpòt òganizasyon an, se pa yon kesyon de òganizasyon, ni—ni denominasyon, ak tout lòt bagay, Bondye gen pitit Li ki chita ladan yo laba. Ou wè? E anpil fwa mwen kwè yo laba pou yon bi, pou pote Limyè, pou atire predestine sa yo ki sot tout kote ozalantou. E—e nan gran jou sa a, nou va wè alò, Legliz Seyè Jezikri a yo va rele l nan—nan gran moman rasableman an anlè a, e nou tout pral monte pou al rankontre L. E—e m ap—m ap tann lè sa a.

Kounye a gen sitèlman bagay ki te k ap di!

28 E aswè a, kòm dabitid, nan dènye, sware final la, tout moun se...Nan yon sèvis gerizon, mwen jwenn moun yo, nan yon eksitasyon ke gen gran bagay ki pral fèt nan sèvis gerizon an, sa ki mete yo sou tansyon, sou nè. Epi mwen konstate, menm bagay la aswè a, ke tout moun anba eksitasyon pou wè...E chak swa, se te konsa, pou louvèti So sa yo.

29 Kounye a m vle rann sa vrèman klè. Chak fwa, chak fwa ke li te kesyon de So sa yo; tout bagay ke m te janm kwè sou Yo, e ke mwen li de lòt moun, yo te kontré a sa ki te vin jwenn mwen nan sal la.

30 E panse m, nan lè sa a...Rezon ki fè mwen te gen sèvis gerizon sa a maten an, se paske panse imen mwen vin sitèlman elwaye de pwòp fason pa m pou m panse. Mwen eseye rete nan yon—nan yon sal avèk estò yo bese, ak yon limyè ki limen. Sa fè uityèm jou. E m pa menm ale nan machin mwen, pou—pou m al okenn kote.

31 M te oblige ale avèk kèk frè, nan bank, pou m siyen kèk dosye ak kèk bagay, sou zafè lajan ak bagay ki te prete pou legliz sa a. Men mwen—men mwen retounen la menm, epi m jete m drèt nan etid.

32 E bagay ki etranj, pat gen yon sèl moun ki te di anyen. Sepandan, dabitid, yo konn frape, epi ensiste, epi tounen ozalantou. Pat gen yon sèl bagay konsa. Sa te trè eksepsyonèl.

33 Kote m te konn al manje, se lakay Frè Wood. Dabitid plas sa konn ranpli ak machin ki pake ozalantou l. E yo te gen uit oswa dis moun diferan ki ta pral vin rete avèk yo diran tan sa a, e pat gen youn ladan yo ki te vini.

34 Epi, jou maten sa, m p ap janm bliye maten sa a, gras Sovè nou an anvè sèvitè Li ki fatige epi bouke. Lè, mwen te reponn kesyon yon pòv moun, e, selon meyè fason panse m, m panse ke m te byen fè. Epi, toudenkou, se kòm si m te—m te retire yon bagay nan men yon ti moun, m te santi m sitèlman kondane, e m pat konnen kisa l te ye. E mwen te panse, petèt paske mwen t ap prese pou m t al fè sèvis gerizon sa a, petèt te gen yon moun ki te malad dezespereman, ke yo te dwe priye pou li la menm. E mwen te mande oditwa a. Nan kèk minit, sa te revele. E yon moun te di: "Ou pa ta renmen li tèks ou—li tèks ou a ankò?" oswa yon bagay konsa. E fwa sa a, mwen te pran ti moso papye a epi m te li l ankò, pou m te wè sa l te di. M te gade nan Liv yo, e li te diferan nèt, kesyon m t ap reponn lan. Ou wè?

35 Pèmèt mwen pase sa ba ou. Lè Sinatirèl la vini, sa se panse Kris. Ou vin sitèlman elwaye de pwòp panse w, jouk, nan pwòp panse pa w, mwen...Sa, ou...m pa...Piga nou kite m eksplike sa, paske m pa kapab. Ou wè? M pa tap kapab fè l. Pa gen pèsonn ki ta kapab fè l.

36 Kouman nonm sa a te kapab, sa se Eli, kanpe la sou montay la, nan Prezans Bondye, epi fè Dife tonbe sot nan syèl, epi lapli tonbe touswit apre Dife a? Epi fèmen syèl la, epi lapli pa tonbe pandan twazan ak sis mwa, epi l retounen epi li rele lapli a, nan menm jou a! Epi anba lonksyon sa a, kijan...Epi li te pran katsan prèt epi li te touye yo; epi li te kouri nan dezè a, li t ap rele pou sove lavi l, sou menas yon sèl fam. Ou wè? Jezabèl, li te jire ke li t ap anlve lavi l. Lè, Akab ak tout sa yo ki te la, pou yo te wè Prezans Bondye ak gran mirak la ki te fèt. Ou wè,...Lespri te kite l. Nan fason natirèl li pou l panse, li pat konnen kijan pou l panse, ou wè. Li pat ka panse poutèt li.

37 E, sonje, Anj lan te fè I dòmi, epi li te fè I repoze. Li te reveye I epi li ba I kèk mòso gato; epi li fè I redòmi, epi li te fè I repoze; epi li te reveye I, epi li te ba I kèk mòso gato ankò. E nou pa konn sa k te rive nonm lan, pandan karant jou. Epi yo te mete I nan yon kavèn, yon kote kèlkonk, epi Bondye te rele I.

38 Piga w eseye eksplike sa Sinatirèl la. Ou pa ka fè sa. Ou wè? Sèl bagay pou w fè, se jis kontinye wout ou. E m eseye rann tèt mwen klè otan ke m kapab, men apati kounye a m ap...mwen panse m p ap janm eseye sa ankò. Ou va jis absoliman kwè, oswa pa kwè. E mwen...Ou va wè, on ti kras pita, poukisa.

Bon, m eseye onèt. Bondye konnen sa.

39 E kesyon sa maten an. M tap eseye reponn li osi onètman ke m te konnen ki jan. M te jis li premye pati vèsè a, e se te yon...li pa t ap kòrèk. Men Sentespri a, ki te konprann sa mwen...panse m...Ou wè, gade, de a twa dènye jou yo, kisa k t ap pase. Ou wè, mwen—mwen te di sèt san..."sèt mil," sèt san. Maten an, m t ap eseye, e moun yo te remake I, ou wè, e sa montre ke nou t ap siveye. Bon, yon lòt bagay, se kote m t ap eseye di "kolom," epi m te di ayo; men m te sezi sa la menm. Epi, isi a, gen youn mwen pat sezi, Sentespri a te tounen touswit epi Li te atire atansyon m sou li.

40 Se on doub konfirmasyon ke bagay sa yo kòrèk. Yo...Bondye ap veye, pou asire ke Sa kòrèk. Se vre. Li detèmine. Li vle ke w konnen ke Se Laverite.

41 Li se Sila ki voye L, paske se sèten sa pat...Sa te jis reprezante anpil pou mwen, se yon aprantisaj, menm jan sa te ye pou ou a. Kifè nou se...Mwen gen anpil rekonesans pou konesans sa--sa--sa, pou konnen kounye de Seyè a, tan ke nou ap viv ladan I lan; ou wè, ap viv drèt nan tan lafen an, anvan Legliz la al fè wout li. Bon jis...

42 Nou te deja ap pale, kifè annou jis mande benediksyon Li sou Pawòl la ankò.

43 Papa nou nan Syèl la, mwen gran nwit sa ki rive, yon gwo lè kote lè yon gwo bagay te rive. Sa te fèt toutotou moun yo. E, Papa, m priye aswè a ke sa va revele, byen lwen depase tout dout, pou kè ak panse moun yo, ke yo va konnen ke Bondye ankò sou Twòn lan, e ke Li renmen pèp Li ankò.

44 E se tan an, moman ke mond lan te dezire wè a, ki ap apwoche kounye a, paske I ap kriye pou redanmsyon. Nou ka wè eleman yo prè pou fè sa vini ankò. Nou ka wè eleman yo prè pou fè mennen Legliz nan Prezans Kris. Nou ka wè Epouz la--la ap pran fòm, ap mete abi nòs la, ap prepare I. Nou ka wè limyè yo k ap kliyote. Nou konnen ke nou nan lafen an.

45 Kounye a, Papa nan Syèl la, alòske sa ap avanse kounye a pou n preche, oswa pou n anseye sou gwo evènman pwisan sa ki te fèt nan Laglwa, sa fè de mil an, epi yo te bay gran apot byeneme a, Jan. E aswè a nou sou pwen pale sou Sa. Pèmèt ke Sentespri a avanse kounye a nan Pwisans ekstraòdinè revelasyon Li, pou L kapab revele nou bagay sa ke Li vle nou konnen an, jan Li te fè I nan kèk dènye nwit yo. Nou remèt nou a Oumenm, avèk Pawòl la, nan Non Jezi. Amèn.

46 Bon, si nou vle tounen, petèt, nan Bib nou. E sa se jis on ti vèsè tou kout, on vèsè Ekriti a. Men, se dènye vèsè a, ou jwenn li...dènye So a, pito.

Non, yèswa nou t ap pale sou Sizyèm So a.

47 Premye So a, se te entwodiksyon antikris la. Nou te pase atravè tan li a, e nou te wè kouman li te soti ale.

48 Kouman Èt vivan an ki te entwodwi, sou Pwisans Bondye ki te avanse ak pouvwa antikris la, pou konbat li! M pa kwè ka gen yon kesyon nan panse yon moun konsènan sa.

49 Apre sa nou jwenn, ke se imedyatman apre sa, ke aj legliz sa, ke Èt vivan sa yo te pati.

50 Nou te pase atravè yo, nou te jwenn, ke nou te chanje, tablo a okonplè la, pat gen Èt vivan ankò ki t ap soti. Ou wè? Men, se te entwodiksyon, ap vin avanse, pou antre nan peryòd Tribilasyon an, apre ke Legliz te fin pati ale.

51 Se pa tikras pafè sa te byen chita avèk aj legliz yo! M pa wè on yota, yon sèl bagay ki pat byen chita pafètman, danble avèk aj yo ak tout bagay, epi tan yo. Panse a sa. Sa montre, sa ta dwe Bondye ki te fè I. Panse imen patap ka sezi sa. E kounye a nou jwenn ke sa, tou, nou...

52 Seyè a kite nou pran Lézekriti, Ekriti Sen an, sa Jezi te di ki te gen pou rive a. E kijan nou te kab janm fè jwenn sa? Epi la, Li vin revele, epi mennen I jis egzakteman. Predikasyon L lan la, pou ap reponn sa, pou montre pwen an egzakteman, sis nan So yo, men Li te kite Setyèm lan. Ou wè?

53 Answit kan So yo te louvri, Bondye, remake la, Li te mete de kote revelasyon menm yon senbòl Setyèm Lan. Ou wè? Se yon sekrè total Bondye gade. Remake. Bon nou pral li nan Bib la, nan--nan Setyèm So. W ap jwenn sa nan Apokalips, chapit 8 la.

*E kan li te louvri setyèm so a, te gen on silans nan syèl la pandan apeprè on demi è.*

54 E se tout sa nou gen sou li. Bon nou pral remake.

55 E m ap eseye pa kenbe w twò lontan, paske anpil lan nou pral pran wout la, ankò, aswè a, pou al lakay. E m te panse ankò, gen sèvis gerizon an maten an, sa ki t ap pèmèt ou ale nan maten, ou patap gen pou rete pi plis. E kounye a nou...

56 E mwenmenm, tou, m dwe vwayaje pou al--al Tucson, Arizona, kote m ap viv. Se kay mwen kounye a. E apre sa m--m vle retounen isit la, si Seyè a vle, bò zòn...Fanmi an vle retounen pou kèlke jou an Jen. Epi, bon, petèt m va rankontre nou tout anba la, on reyinyon nan moman sa.

57 Pwochen randevou pou m gen on sèvis se Albuquerque, Nouvo Meksik. Mwen kwè se le nèf, dis, ak onz. Mwen va la Jedi ak Vandredi Sen. Kifè, m te oblige gen tout bagay la nèt, epi m te gen lòt randevou ke m patka respekte jiska moman sa, konsa m va genyen Jedi swa ak Vandredi swa, nan Albuquerque, Nouvo Meksik.

58 E apre sa--e apre sa pwochen an--an, ke n konnen, ki pwòch, se dè posibilité. Nou pa fin sèten. Se va pou m ka avèk bon zanmi m yo, gwoup sa--sa Kri Minwi An, nan... anwo nan Southern Pines, Caroline Di Nò.

59 Epi yo nan telefòn lan la a kounye a, kifè ke, yo te voye telegram, mesaj, e tout bagay, epi vin apwòche yo, de yon lòt gwoup, nan Little Rock; moun non Jezi yo ke m te gen reyinyon ak yo a, nan Cow Palace ete dènye a. Yap fè konvansyon yo a nan Little Rock, nan Arkansas. Epi, yo te, depi lane pase, vle omwen yon nwit. Oswa, tout bagay nèt, men yo ta menm vle gen yon nwit. Konsa, m te di yo, san m pa konn jis sa m dwe fè, m te di yo te kab fè piblisite, "potansyèlman." Apre sa, yo pral fè konnen I yon ti kras pita.

60 Èske li fenk rele? An-han. Se byen. Kisa l di? [Yon frè di, "Hot Springs." - Ed.] Hot Springs, eske se sa? Mwen te twonpe m. ["Vennkat."] Vennkat ... ["Me."] Me? [Yon moun di, "Vennkat o venntwit Jen."] Vennkat o venntwit Jen. Koulye a, li te anonse, "Potansyèlman," sa vle di, "si se nan volonte Seyè a." ou wè? M pral...

61 Men rezon ke m renmen fè bagay sa yo. Ou pral aprann yon ti kras pita, kounye a, ou wè. Lè m al yon kote, mwen renmen mete pye m la a, lèm konnen ke Bondye te di, "Al la a." Lè sa a, si lènmi an leve nenpòt kote a, m di, "Mwen isit la nan non Seyè Jezi . Jis rale kò w la!" Ou wè? ?Ou wè? Ou wè? Epi ou-ou sèten, ou byen pozisyone, ou wè. Lè I te voye w nenpòt kote a, li pral pran swen w. Ou wè? Men si w ale, nan sipozisyon , Lè sa a, m pa konnen; Li ka la. Konsa, m-m vle asire m jan m kapab. M te pran anpil moun ke I pa t di m pran, men m-m renmen osi sèten ke posib. Senyè a beni nou tout kounyeya.

62 Bon, kounye a nou remake, etan done sa a se jis yon vèsè la a, nou ta renmen fè yon bagay jis yon ti kras-yon ti kras anvan la a. Ou remake, nou sote 7yèm chapit la. Chapit 6 la

mete fen a sisyèm, sisyèm So a. Men, ant sisyèm so a ak setyèm So a, gen yon bagay ki pase. Ou wè? E ki ala-ala sa a byen chita jis byen nan plas li, ant, 6yèm ak 7yèm chapit la. Koulye a, ou remake nan 7yèm chapit la, nou remake, ant sisyèm lan ak setyèm lan, gen yon entèval. Yon entèval, ant, 6yèm chapit la ak 7yèm chapit la nan liv Apokalips la, epi se ant sisyèm ak Setyèm So a ke gen entèval sa a. Koulye a, nou vle fè remake sa. Li trè zenpòtan ke nou remake ti tan sa a.

63 Koulye a sonje, apre 4yèm chapit Apokalips lan, Legliz la te ale. Aprè kat kavalye chwal yo fin soti, Legliz la ale. Ou wè? Tout sa ki te rive Legliz la, te rive jiska 4yèm chapit Liv Apokalips la. Tout sa k te pase nan mouvman antikrist la, te monte nan 4yèm chapit la. Epi katriyèm So Apokalips la, tou lè de e antikrist la e Kris la, te fini. Epi antikrist la te tonbe nan yon dezas, ak lame li a; epi Kris parèt ak lame l.

64 Se yon ansyen batay ki te kòmanse depi byen lontan, depi dantik dantan . Lè sa a, yo te ... Satan ak zanj li yo te chase deyò, epi yo vin sou tè a. E batay la te rekòmanse yon lòt fwa, paske Èv kraze baryè kote li te izole, dèyè Pawòl Bondye a. E depi menm moman sa a, Satan te genyen batay la sou Pawòl Bondye a, paske youn nan sijè I yo, pi fèb la, te manke sou vijilans li. Epi se egzakteman jan sa a li te genyen batay la chak fwa, se te paske youn nan sijè I te manke sou vijilans yo ak Pawòl la.

65 Epi li te fèt nan dènye laj legliz sa a, atravè yon sistèm òganizasyonèl. Ki se, reyèl, otantik, legliz sakre Bondye vivan an, ak yon kavalye mantè, ki pat vle aksepte Pawòl la, epi ki retounen legliz Pawòl la nan dògm.

66 Kounye a, konbyen moun ki konn ke se sou dògm ke legliz Katolik Women an bati? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Èske yo admèt li? Absoliman. Sèten. Sètènman, yo admèt li. Sa pokò fini. Katolik la, asireman, li pa ta blese santiman yo yon ti kras, paske yo konn sa. Yo jis ajoute yon nouvo, pa gen lontan isit la, ke Mari te resisite. Ou sonje I, isit la kèk lane de sa, environ dis lane. Konbyen ki sonje sa? ["Amèn."] Jounal la, anndan la a. Sèten. Ou wè? Tout bagay, nouvo "dògm la." Ou wè, se sèlman dògm, pa Pawòl la. Ou wè?

67 Yon prêt, nan entèvyou dènyèman, li te di, "Mesye Branham, "li te di," Bondye nan legliz li a. " M te di, "Bondye nan Pawòl Li." Li te di, "Nou pa sipoze diskite."

68 M te di, "M pap diskite. M jis ap fè yon deklarasyon. Bondye nan Pawòl Li. Se sa. Pawòl la di: 'Nenpòt moun ki pral retire yon bagay de Li, oswa ajoute yon bagay nan Li, Pawòl la te di."

69 Li te di, "Ebyen, Bondye te bay ... Kris la te bay Legliz li pouvwa, epi I te di yo: kèlkeswa sa yo mare sou tè a, li mare nan syèl la; e kisa ... "M te di," Sa se egzakteman laverite. "

70 Li te di, "Nou gen, sou ... sou prensip sa a, nou gen pouvwa pou nou delye peche."

71 Epi m te di, "Si w va fè l fason ke l te bay Legliz la, e fason yo te fè l la, m ap aksepte l. Si w fè l, gen dlo la a, pou batize nan non Jezikri pou padon peche w, ou wè, pa yon moun ki di w peche w yo padonnen. " ? Ou wè? Se egzakteman sa.

72 Gade Pyè avèk kle yo, jou Lapannkòt la. Sonje byen, li gen kle yo ke y ap pale a. Epi — mesye yo di: " Mesye Frè m' yo, kisa n ka fè pou nou sove? "

73 Pyè te di, "Repanti, chak nan nou, batize nan non Jezikri" (poukisa?) "Pou remisyon peche yo, epi apre n va resevwa don Sentespri a. Paske pwomès la se pou ou menm ak ptit ou yo, moun ki lwen yo, menm nan yon osi gran kantite ke Seyè Bondye nou an, va rele yo. " Se sa. Konsa, sa rezoud pou tout tan. Tout bagay fini. Sa te regle la menm.

74 Bon, men, ou wè, antikrist la vini, tankou n te imajine nou an epi n te montre l. Gadon'on revelasyon! Oh lala, oh lala ! Epi panse, tout ane sa yo, nou te wè l ap deplase. E la a se absoliman, dirèkteman, Ensi di Seyè a.

75 Kounye a, e n remake entèval sa a kounye a, ant, 6yèm ak 7yèm chapit la. Koulye a, 7yèm chapit la nan Apokalips, men se yon-yon ... li revele yon evenman. Li pat plase nan, mitan sa a, pou anyen. Ou wè? Li isit la pou yon rezon, epi l se yon revelasyon ki revele yon bagay. Remake kouman misteryezman epi kouman matematikman li matche byen ak ekriti ya! Ou wè? Egzakteman.

76 Èske ou kwè nan matematik Bondye a? [Kongregasyon di, "Amèn." - Ed.] Si w pa kwè sa, ou sèten ke w pèdi nan ... Ou pral sèten ke w pèdi nan Pawòl la, si w kòmanse mete yon kat oswa sis, oswa-oswa yon bagay, san konte jis mo matematik yo k ap mache nan lòd. Ou pral sèten ke w gen nan senaryo w, yon bèf kap rache zèb sou tèt yon pye bwa, yon kote. Ou pral sètènman gen mankman. Paske, Bondye pa ... Pawòl li annantye fonksyone konplètman nan—nan—nan matematik yo. Wi mesye. Pafè, pi pafè a! Pa gen okenn lòt literati ki ekri tankou L, tankou L, tèlman pafè nan mate-matematik yo.

77 Kounye a, - 8yèm chapit la sèlman revele sèn nan - sèn nan Setyèm So a, kote pa gen lòt bagay ki revele, kounye a, anyen. Li pa revele nan Setyèm So a ... kounye a, pa gen anyen pou wè ak 7yèm la nan-nan Apokalips. Revelasyon l la, de Setyèm So a, se parfètman bèbè. Men, si m sèlman te gen tan ... M pral eseye kèk kote, pou montre w.

78 Remonte byen lwen, depi Ian Jenèz, setyèm chap- ... oswa yo te pale de—de—de Setyèm so. Deja Depi nan konmansman, nan Jenèz la, Setyèm So sa a ...

79 So sa yo tap jis pwogrese. Ou pa t kab raple w, maten an, lè nap mennen bagay sa yo? Epi gade, aswè a, m vinn avèk yo. Epi w reyalize, lè I rive sou Setyèm sa a, li koupe. [Frè Branham te klake dwèt li yon fwa — Ed.] Wi.

80 Jezikri, ap pale, li menm, te di de fen tan an. Epi lè I te gen ... Te pale de tout sis So yo. Lè I rive sou setyèm lan, li te kanpe. Men li, ou wè. Son'on gwo bagay.

81 Kounye a, koulye a, nou pral pale la a kounye a sou 7yèm chapit sa a, jis yon minit, pou-pou yon jan fè pon, ant Sizyèm ak Setyèm So. Paske, sa a se sèlman materyèl ke nou genyen poun avanse, kounye a, se sisyèm lan ... ant Sizyèm lan ak Setyèm So, se apèl pou ke Izrayèl soti.

82 Kounye a, mwen gen anpil bon zanmi Temwen Jewova ki chita isit la la a, se tout ... oswa yo te sa. Petèt kèk ladan yo toujou Temwen Jewova. Men, yo te toujou apwiye, Mesye Russell te fè li, san karannkatmil sa a, kòm etan Lepouz Sinatirèl Kris la. Ou wè? Yo ... Se pa sa.

83 Li pa gen anyen pou I wè nan laj legliz la, ditou. Yo se senpleman pèp Izrayèl la. Koulye a, nou pral li nan kèk minit. Koulye a, entèval sa a, ant Sizyèm lan ... So yo, se yon apèl pou sèlman san karant-kat mil jwif yo, ki aple nan peryòd tribilasyon an, apre ke Legliz la te ale. Ou wè? Li pa gen anyen pou I wè ak laj legliz la, ditou. Oh, yo te aple, sa parfètman an amoni ak ekriti a. Dènye twa semèn edmi Danyèl la, te atribye a "moun" Danyèl yo, ou wè, pa a moun lòt nasyon yo. Pou "pèp" Danyèl la, epi Danyèl te jwif!

84 Koulye a remake, pèp Izrayèl la, pèp Izrayèl la kwè sèlman nan pwofèt li yo, epi, apre ke yo fin konfime yo.

85 Epi pa gen okenn kote nan laj legliz la, depi nan premye Legliz apostolik la, ke legliz pwotestan an janm te gen yon pwofèt. Di m ki moun li te ye, epi montre m li. Janmen! Yo te gen, nan kòmansman laj apostolik la, yon sèl ki te rele Agabus, ki te yon pwofèt konfime. Men, nan ... Lè moun lòt nasyon yo te antre, nan eritaj Bondye a, epi Pòl te tounen al jwenn moun lòt nasyon yo. Apre Pyè, jan nou li I yè swa a, te resevwa nan men Senyè a, ke, "L te pran yon-yon pèp ki sòti nan moun lòt nasyon an, pou Non I ", Epouz li," Kidonk pat janm te gen, nan paj listwa a, yon Pwofèt moun lòt nasyon yo. Ebyen jis retounen nan istwa a epi wa wè. Poukisa? Egzakteman, li ta kontrè ak Pawòl la. Egzakteman.

86 Lè premye a te soti, se te yon lyon, se te pwofèt yo: Pawòl la. Pwochen an te soti, se te travay, sakrifis. Pwochen an vin soti, se te entelijans nan-nan lòm.

87 Men yo te pwomèt nou, nan dènye jou a, pou nou retounen nan Legliz la ankò, pou benefis redresman tout sa ki te mal anseye, rate, pat fini, ki rete pou fè. Paske, li te predi la a ke mesaj

setyèm zanj lan ta mete fen a mistè Bondye yo. Epi, answit, nou te pase tout atravè I. Nou wè ke I te parfètman an amoni ak ekriti. Se rezon an sa.

88 Kounye a, èske w ta ka imajine, lè moun sa a vin sou sèn nan? Lè I vini, sonje, li pral tèlman enb epi bagay sa yo, jouk legliz yo pral rate I anpil anpil. Epi èske w ta ka imajine, legliz yo, toujou anba tradisyon refòmatè yo, ta va resevwa yon pwofèt ki vin de Bondye, ki ta trè fèm kont ansèyman ak òganizasyon yo a?

89 Kounye a, gen yon sèl moun ki ka akonpli sa, se yon sèl Lespri ki te janm sou tè a, ke m konnen. Se ta swa ... Li ta dwe Eli, nan tan I. Epi li te predi ke I ta dwe, sa ki se anyen lòt ke Lespri Kris la.

90 Lè Kris vini, Li te plenitud la. Li te pwofèt. Li te— Bondye pwofèt yo. Ou wè? Ou wè?

91 Kris, gad ki jan yo te rayi I. Men Li vin egzakteman jan Pawòl la te di ke I tap vini an. Men pliske li te yon Pwofèt, yo te blasferme kont Wayòm Bondye a, lè yo tap rele Lespri Bondye a, ki te disèneman elatriye, "yon lespri enpi." Li te di, "Li te yon-li te yon divinò, oswa yon demon,". Men li.

92 Yon divinò se yon move lespri, ou wè, lespri demon. Sètènman. Èske w te konn sa? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Absoliman. Divinasyon se imite yon pwofèt, ki se absoliman yon blasfèm devan Bondye.

93 Koulye a, remake. Yo aple, sa ki an pafèt amoni ak Ekriti yo, dènye twa zan edmi Danyèl la .

94 Remake byen, kwayan pèp Izrayèl la - yo sèlman te di kwayan yo, nan Ansyen Testaman an, pou yo kwè pwofèt yo apre pwofèt la te fin konfime. "Si gen youn nan nou, ki espirityèl oswa yon pwofèt, mwen menm Seyè, m ... Bondye w la pral fè I konnen m ', epi pale avè I nan vizyon, atravè rèv, entèpretasyon rèv." Yon moun gen yon rèv, pwofèt la pral kapab entèprete li. Epi si-si li gen yon vizyon, li di I. "M pral fè I 'konnen m' atravè vizyon ak rèv, fè yo konnen m. epi si sa I 'di a rive, Alòs tandé pwofèt la, paske m avè I. Si I pa rive, Lè sa a, pa bezwen krenn li ditou. " Ya. Se sa. "Elwaye w, jis kite I tankil, ou wè." Kounye a sa se ...

95 Koulye a, pèp Izrayèl la pral toujou kwè sa. Epi w pa wè? Se pouki rezon? Koulye a, m vle pou byen konprann lesyon sa a, aswè a, kounye a.

96 Poukisa? Paske, se yon lòd ki vin de Bondye a, pou yo. Sa pa nwi m ki kantite trak ke moun lòt nasyon yo ka mennen la ba a epi distribiye. M pa gen pwòblèm ki kantite fwa w ale atravè Izrayèl ak yon Bib anba bra w, pou pwouve sesi, sela, oswa lòt la; Yo p'ap janm resevwa

anyen lòt ke yon pwofèt. Se egzakteman sa. Paske, yon pwofèt se sèl moun ki te kab pran Pawòl Bondye a epi mete I nan plas li, epi etan yon pwofèt konfime. Yo pral kwè I. Se sa.

97 Jan m t ap pale ak yon jwif isit la nan Benton Harbor, lè ke John Rhyn, ki te avèg tout vi I, prèske, te resevwa visyon l' yo. Yo mennen m la ba a 'kay David sa a. Epi prèt jwif sa a soti ak bab long li a. Li te di, "Pa ki otorite ou te bay John Rhyn vizyon l?" M te di, "Nan non Jezikri, Fis Bondye a."

98 Li te di, "Se pa nan panse Bondye pou l gen yon Fis!" Ou wè? Li te di, "Nou menm moun sa yo nou pa ka koupe Bondye an twa moso, epi bay yon jwif li. Fè de li twa Bondye; nou son'on bann payen! "

99 M te di, "M pa koupe l an twa moso." M te di, "Mèt, li ta yon bagay etranj pou ou pou w kwè ke youn nan pwofèt ou yo te di ... yon bagay ki fo?" Li te di, "Pwofèt nou yo pa di anyen ki fo." M te di, "De ki moun ke Ezayi 9: 6 te pale?" Li te di, "Mesi a."

100 M te di, "Kidonk, Mesi a pral yon nonm-pwofèt. Èske se vre? " Li te di, "Wi, mesye. Se vre. "

101 M te di, "Montre m ki kote Jezi te manke a sa." Li te di ... M te di, "Ki relasyon Mesi-Pwofèt pral genyen ak Bondye?" Li te di, "Li pral Bondye." M te di, "Se vre. Koulye a, ou te genyen l nan Pawòl la. "

102 Konsa ede m, jwif sa a kanpe la ak dlo nan je k ap koule sou machwè l yo, te di, "M va tande w yon lè konsa aprè." M te di, "Mèt, ou kwè sa?"

103 Epi l te di, "Gade," li te di, "Bondye kab a pati de wòch sa yo anjandre pitit bay Abraram." M te konnen l te nan Nouvo Testaman an. M te di, "Dakò Mèt! Koulye a, sa kap fèt ak sa ? "

104 Li te di, "Si m 't'ap preche sa, m ta dwe desann an ba a," ou konn ki kote plas yo ye anwò sou ti kolin lan la a, "anba nan lari a la a, ap mande pou m manje pen."

105 M te di, "M ta pito m anba la a ap mande charite pou pen m." Jwif la te toujou gen men l yo sou lajan, ou konnen. Ou wè? Ou wè? "M ta pito ..." Epi non l annò, sou ... M te di, "M ta pito anba la a, ap manje ti biskwit sale epi ap bwè dlo nan kannal, epi konnen ke m te an amoni ak Bondye, e se vre; pase pou m ta la a ak non m sou biling sa a, ak lèt annò tankou sa a, Epi konnen ke m te lwen Bondye. M konn sa." Li pa t jann vle tande m ankò, konsa li te antre anndan.

106 Men, se sa l ye. Ou pa ka koupe Bondye an de oswa twa moso, ki rele "Pè, Fis, ak Sentespri," epi fè twa Bondye epi remèt li bay yon jwif. Kòmandman l menm se, "Ou p'ap gen

lòt dye devan m. M se Seyè a, Bondye w la. " Kisa Jezi te di? Jezi di, "Koute, O Izrayèl, mwen se Seyè a, Bondye nou an, yon sèl Bondye." Pa twa; ou pap janm ba yo sa. Non. Pa gen pwofèt ki pral janm pale de twa bondye. Non. Okenn kote. Ou pap janm tande pale de sa. Non, mesye. Sa a se moun lòt nasyon ak payen tankou kote I soti a. Wi mesye.

107 Remake. Men pwofèt sa yo ap vini. Pa sèlman sa ... Pwofèt yo, kounye a, se Apokalips 11. Nou te li yon pati. Epi m vle w li I pandan wap etidye, sou bann yo elatriye. Yo se veritableman yon pwofèt konfime, ak siy pwofèt yo. Lè sa a, pèp Izrayèl la pral tande sa.

108 Koulye a, pou oumenm, zanmi Temwen Jewova m yo, konprann kounye a ke, san karannkatmil sa yo, pa gen anyen pou wè ak Epouz la. Pa gen yon ti bout ekriti pou sipòte sa. Non, mesye. Pa genyen. Yo se jwif. Eli ki te aple a soti pandan dènye peryòd twazan edmi swasanndis semèn Danyèl la. Kounye a se ...

109 M — m kontinye ap site ankò e ankò. Pa tèlman pou noumenm tou isit la, men, ou wè, moun yo, bann sa yo ale tout kote, ou wè. Epi w konprann sa. Ou tande m ap site yon lòt fwa. Se nan objektif sa a.

110 Remake. Koulye a, gad ki jan yo te oblige, avègle, ou wè ki jan yo te dwe ...? Jezi, oswa, Bondye te oblige avègle jwif yo, pou anpeche yo rekonèt Jezi. Si yo te konnen, si yo te sèlman konnen sa sa ... ap wè siy ke I te fè, si yo te nan vrè faz yo, tankou yo te tounen anba lalwa Moyiz la lè Bondye te bay lòd osijè yon pwofèt, epi yo te wè Jezi fè sa, yo ta va di, "Sa a se Mesi a." Poukisa I te konsa?

111 Sila yo nan laj sa a, ki te gen non yo ekri nan Liv Lavi Ayo a, apot li yo elatriye, yo te wè li e yo te rekonèt li.

112 Poukisa se pa t rès nan yo a? Gade, yo te avèg. Yo pa t kab wè I. Yo pa wè I, ankò. Epi yo pa pral wè li jiskaske I pran nesans kòm yon nasyon, yon sèl kou. Sa pa kab ...

113 Pawòl la pa ka fayi. Sonje byen, Pawòl la pa ka fayi. Pa fè atanston a kantiite sansasyon w genyen, a sa k rive, ankò Pawòl la pa ka febli. Li pral egzakteman jan Bondye te di li te ye a. ou wè? Koulye a, nou reyalize ke bagay sa yo dwe rive.

114 Epi se rezon sa a yo pa t rekonèt Jezi lè L te pafètman idantifye tèt li kòm etan pwofèt la.

115 Menm ti —ti fanm Samaritèn nan ki te kanpe deyò a nan pwi a. Li pa t janm ale a Samari; Li jis monte, li di ke I te bezwen ale nan wout sa a, epi I monte la a. Epi te gen ti fanm sa a. Epi limenm, nan eta I, li te nan pi bon kondisyon pou resevwa Levanjil la pase prèt reliye ak bagay sa yo nan jou sa a. Li te fè I. Sètènman. Koulye a, ou wè?

116 Men, devan tout rejè I yo, ankò youn nan nonm ki pi nòb yo te admèt ke yo te konnen ke se yon Anseyan ke Bondye te voye.

117 M t ap pale ak youn nan pi bon doktè ki gen nan eta sid yo, nan biwo I, pa gen lontan de sa. Yon espesyalis trè janti nan Louisville, yon nonm reyèl vanyan. Epi m te di I, m te di, "Doktè, m vle poze w yon kesyon." Li te di, "Dakò."

118 M te di, "M te remake siy medikal ou, ak anplwaye yo. Ou te gen yon sèpan vlope toutotou yon poto. Kisa sa reprezante? " Li te di, "M pa konnen."

119 Epi m te di, "Li reprezante sa a: se te yon senbòl gerizon divin, kote Moyiz te leve sèpan an kwiv la nan dezè a, ou wè, ki te sèlman yon senbòl, sèlman yon senbòl vrè Kris la."

120 Kounye a, jodi a, la medsin se yon senbòl gerizon divin. E menm si anpil nan yo pa kwè I, vrè bon doktè a kwè I. Men, kèk nan yo pa kwè I. Men menm anblèm ke yo pote a temwaye pouvwa Bondye Toupwisan an, ke yo vle kwè I ou pa. Ou wè? Se vre. Men sèpan an kwiv la ki pandye sou yon poto, sou anblèm medikal la.

121 Koulye a remake jwif sa yo. Ebyen, ekay avègleman te nan je moun sa yo. Yo, yo pa t kab anpeche I; li te la a, epi Bondye te mete I la a. E I te la a sou yo, jouk laj yo ke yo te pwomèt yo, pwofèt sa yo kap vini an. Ou ka voye dè misyonè, ou ka fè tout sa w vle; Pèp Izrayèl la p'ap janm konvèti jiskaske pwofèt sa yo vini sou sèn nan, e se pral apre anlèvman Legkiz moun lòt nasyon yo.

122 Pa plis ke laj bèf la te kab resevwa apèl Lyon an, paske Bondye te di nan Pawòl li ke yon Lespri bèf te soti. Epi nan laj refòmatè yo, yon nonm soti. Ou wè? Ou jis ...

123 Sa se sèl bagay ou ... yo ka resevwa. Sa a se ... Epi, la a kounye a, yo avèg. Se jis tout sa k gen avè I. Koulye a remake.

124 Men laj la ap vini lè yo pral fini ak moun lòt nasyon yo. Gen yon pye bwa, e rasin yo te jwif, epi I te koupe; epi moun lòt nasyon yo te grefe nan, "pye oliv sovaj la," e I ap pote fwi I yo. Kounyeya, lè Epouz moun lòt nasyon yo koupe, pyebwa Epouz sa a m te pale de li a, epi yo te anlve I nan prezans Bondye; Bondye pral siye moun lòt nasyon enkwayan yo, sou bò kote isit la (vyèj kap dòmi yo), epi I va grefe ankò. Li te pwomèt pou I fè I.

125 Epi annatandan moman sa a, ou jis bezwen konn ki kote w ye ... Si w konn ki kote w prale, dakò, se byen. Si w pa konnen, ebyen, w ap bite nan fènwa.

126 Koulye a, se lè sa a ke jwif yo pral konvèti, pandan laj sa a. Kounye a, menm jan ak laj legliz la, anba pwisans pwomès ki wenn nan, yo va resevwa Kris; men, kounye a, se pa

pandan moun lòt nasyon yo la a. Koulye a, nou ka wè ki kalite mesaj ke de pwofèt sa yo, nan Apokalips 11yèm chapit la, pral preche. Koulye a, ou ka wè byen klè egzakteman sa yo pral fè. Paske, rès la, oswa san karant-kat mil, predestine yo, resevwa So Bondye a.

127 Ann jis li. Koulye a, koute avèk anpil atansyon kounye a. Koulye a, m vle w li avè m, si w kapab, paske m pral refere ankò a sa jis nan yon ti moman, 7yèm chapit, kounye a, sa a se ant Sizyèm lan ak Setyèm So a. ... apre bagay sa yo-apre bagay sa yo (So sa yo) ...

128 Sizyèm So a te louvri, e se peryòd tribilasyon an. Tout moun konprann sa kounye a? [Kongregasyon an di, "Amèn." - Ed.] Sizyèm So te louvri, epi tribilasyon an tap deroule. Apre sa, se ki sa? ... apre bagay sa yo m te wè kat zanj kanpe nan kat kwen tè a, ki kenbe kat van yo sou tè a, pou I pa soufle sou tè a, ni sou lanmè a, ni sou okenn pyebwa. (Kat zanj!) Apre sa, m wè yon lòt zanj k ap monte bò lès, ki gen So Bondye vivan an: epi li rele ak vwa I byen fò kat zanj yo, ki se sila ke yo te mande pou fè mal a lanmè a, tè a ... lanmè a , di yo, pa fè mal a tè a, ni lanmè a, ni pyebwa yo, jiskaske nou sele sèvitè yo ...

129 Pa Epouz la. "Sèvitè yo."Pa ptit gason yo. "Sèvitè yo." Izrayèl te toujou sèvitè Bondye. Legliz la se ptit gason, ou wè, pa nesans. Izrayèl se sèvitè I. Gade byen, tout kote, li toujou konsa. Abraram te sèvitè I. Nou pa sèvitè. Nou se ptit yo, ptit gason ak ptit fi. Ya. ... nan ... Bondye nou an nan fwon yo.

130 Kounye a gade byen. ... Bondye nou an nan fwon yo. Apre sa, m te tande kantite moun ki te sele yo: ...

131 Koulye a, m vle w byen tande lekti sa yo. ... epi te gen san karant-kat mil ki sele nan tout tribi pèp Izrayèl la.

132 Li nonmen yo pafètman. Koulye a, si sa rive ke gen yon konsiltant Britanik- Izrayèl ki chita isit la, koute ki jan sa ka koupe souf nan li, ou wè. Nan douz tribi Jida a, te genyo douzmil ki te sele. (Yo te rele, "tribi a.") Nan Tribi Ruben lan te gen douzmil ki te sele . Nan Tribi Gad la ... douzmil.

133 Veye - veye tribi w kounye a. Nan tribi Aser la te gen douz douzmil. ... tribi Neftali a te gen douzmil ki te sele. ... tribi Manase ... douzmil. Epi tribi Simeyon an ... douzmil te sele. Tribi Levi a, douzmil te sele. Nan tribi Isaka a ... douzmil. (Issachar, m devine ke w pwononse I konsa .) ... douzmil. ... tribi Zabulon an ... douzmil. Epi tribi Josèf la douzmil te sele. Pami tout ... Nan tribi Benjamen a douzmil te sele.

134 Koulye a, gen douz tribi, douz mil de chak tribi. Douz fwa douz ... se ki sa? [Kongregasyon an di, "san karant-kat mil." - Ed.] san karant-kat mil. Koulye a, gade. Yo tout te tribi Izrayèl yo.

135 Koulye a, gade, "Apre sa ..." Koulye a, men yon lòt gwoup. Koulye a, Epouz la te ale, nou konn sa. Men gade gwoup sa a ki rive. Apre sa, m te gade, epi, m te wè yon gwo foul moun, ke pèsonn pa t kab konte, de tout nasyon, ... fanmi, e moun, e lang, te kanpe devan twon lan, epi devan Ayo a, abiye ak rad blan, ak palmye nan men yo; Yo t'ap rele byen fò, yo t'ap di: Delivrans pou Bondye nou an ki chita sou twon la, ansam ak Ayo a. Epi tout nasyon yo ... te kanpe otou twon la, ak ansyen ak kat èt vivan yo, yo tonbe devan twon lan sou figi yo, yo tap adore Bondye, pandan yap di Amèn: benediksyon, ... glwa, ... sajès, ... remèsiman, ... onè , ... pouvwa, ... pwisans, pou Bondye nou an pou tout tan. Amèn. Epi youn nan ansyen yo ...

136 Koulye a li devan ansyen yo la. Jan, nou te wè I, atravè tout So yo. Epi youn nan ansyen yo reponn, li di m, Kisa sa yo ye...

137 Kounye a, Jan, ki se Juif, te rekonèt pwòp pèp li. Li te wè yo sou fòm tribi. Eske se vre? Li te rekonèt e I te nonmen chak tribi sa yo.

138 Men koulye a, lè I wè bagay sa yo, li yon jan mele. Epi ansyen an konn sa, konsa li di: ... Ki moun sa yo ki gen rad blan sou yo a? e ki kote yo soti?

139 Jan, reponn koulye a: M reponn li: Seyè, ou konnen.

140 Jan pa t 'konnen yo, ou wè; tout fanmi, lang, ak nasyon. ... Epi I te di m ', Sa yo se - li te di m, Sa yo se moun ki soti nan grand tribilasyon an, (lòt mo pou, grand Tribilasyon an), epi ki te lave rad yo, ... te fè yo vin blan nan san Ayo a. Se poutèt sa, yo devan Twon Bondye a, epi sèvi I lajounen kou lannwit nan tanp li a, epi yo ... moun ki te chita sou twon la ap abite nan mitan yo. Yo p'ap janm grangou, yo p'ap janm swaf ankò. ni solèy la pap klere sou yo— solèy limen sou yo, oswa ankenn chalè. Paske Ayo ki nan mitan fòtèy la ap ba yo manje, epi I ap mennen yo nan sous dlo vivan yo: epi Bondye pral siye ... tout dlo nan je yo.

141 Koulye a nou louvri ... rive nan So a. Eske w remake, yo te ... Premyèman, nou kòmanse kounye a, pèp Izrayèl la.

142 E answit, nou wè legliz pirifye a, pa Epouz la; legliz pirifye a, nan tribilasyon an, ou wè, ou wè, ki rive la a, yon gwo kantite reyèl kè sensè ki soti nan-nan gran tribilasyon an. Se pa legliz la; Li te ale, Epouz la. Men legliz la.

143 Koulye a, nou jwenn, yon ti kras pita, Jezi te di ke Twon tap drese, e ki jan ... yo ta pral kanpe nan jijman an, yo chak.

144 Bon, nou jwenn kounye a ke moun sa yo ki te sele ak So Bondye vivan an (èske se vre?), Jwif sa yo. Kisa So Bondye vivan an ye?

145 Kounye a, m pap nonmen non pèsonn, blese okenn santiman. M ap jis di, ou wè. Èske w konnen, ke, apre m fin li anpil entelektyèl ki ekri sou sa a, yo afime ke gwooup sa a isit la, ki lave nan san an, yo se anreyalite Epouz la?

146 Èske w te konnen ke anpil entelektyèl tou afime ke san karant-kat mil la se Epouz la? Ala yon ... Gen yon bagay ki dwe rantre nan lòd, ki pa byen ... isit la dakò, 'paske gen yon bagay ki pa mache kounye a.

147 Remake, frè Advantis nou yo di, "So Bondye a, se obsève jou saba a." Ou konn sa. Men, m vle yon ti bout ekriti sou sa, ki montre ke jou saba a, oswa obsève jou saba a, se So Bondye a. ou we? Se jis yon moun ki elabore lide sa a.

148 Men, si w ta li Efezyen 4:30, li di, "Pa atriste Sentespri Bondye a, ki fè w sele jouk jou ...redamsyon w , wi, Mesye, lè travay medyatè fini, epi w antre; Kris vin delivre sak pou li yo. Ou sele; pa jiskaske pwochen revey la. Kan yon fwa w sele ak Sentespri a, son'on travay ki fini, Bondye te resevwa w, epi w pa gen pou elwaye w de li.

149 Ou di, "Ebyen, m te genyen li, epi m te kite I." Non, ou-ou pa t genyen I.

150 Bondye di L ap kontinye jouk Jou Redanmsyon an. Kounye a, en-en, diskite avè L, e ou va wè sa sa vle di. "Jouk Jou Redanmsyon an."

151 Remake. Kòm yo te...Poutèt yo te yon rès dapre eleksyon an, Jwif sa yo kounye a yo se rès la dapre eleksyon an. Nan tan premye ministè Eli pou Jwif yo, kote sèt mil kwayan te prezèv pa men Bondye, kounye a genyen nan tan rès sa, k ap vini nan tan pa yo, pou fè pati de san karant kat mil yo dapre eleksyon an. E, Mesaj la nan moman sa, y ap kwè Mesaj la, pou fè yo vin nan san karant kat mil yo.

152 Kounye a, ou va di, "O, bon jis on minit, frè, m pa konn anyen konsènan bagay 'eleksyon' sa. Ebyen, m pat janm li I la."

153 Dakò, bon annou wè si se sa, ou pa. Ann retounen nan Matye, e ann desann la pou wè si nou patka jwenn on ti kichòy sou sa kèkpa. Mwen kwè ke m gen rezon kounye a. M pat ekri I la, men sa te jis vin nan tèt mwen. Annou pran, nan fen an, trantyèm vèsè a; kote nou te ale yèswa, fen Sizyèm So a, nan 30tyèm vèsè a. Bon annou li sa pou wè kounye a ki kote n ap dirije nou, 31nyèm vèsè a. Ou wè? "Yo va wè Fis de lòm lan ap vini ak glwa." Kounye a 31nyèm vèsè a.

*E li va voye zanj li yo avèk yon gwo son twonpèt, e yo va rasable ansanm eli pa l yo soti nan kat van yo, depi yon bout syèl la jiska lòt la.*

154 "Eli" yo va soti. Kisa sa ye? Peryòd Tribilasyon an. Bondye va rele eli pa L yo, e se Jwif yo pandan moman sa, eli yo. Bib la pale de sa. Pòl pale de sa, "Dapre eleksyon an." Va gen san karant kat mil dapre eleksyon an, ki va kwè Mesaj la, soti pami dè milyon ki va la pou tout bon.

155 Te gen dè milyon an Palestin, nan tan pwofesi Eli, e sèt mil te sove pami dè milyon.

156 Bon, "dapre eleksyon an." Kote, dè milyon Jwif ap rasanble lakay yo. Yo te vin yon nasyon. Va gen dè milyon la, men yo va pran sèlman san karant kat mil "eli". Yo va tande Mesaj la.

157 Menm bagay la nan Legliz moun lòt Nasyon yo. Gen yon Epouz, e Li eli. "E yo va rele I dapre eleksyon an." Remake, tout sa se tip Legliz la, pafètman, kwayan eli yo.

158 Lòt yo pa kwè. Ou ka jis di I. Ou fin di yon nonm Laverite, epi kite sa pwouve pa Pawòl la, e apre sa li konfime; li va di, "M pa kwè L." Ou ka jis...

159 Piga w pèdi tan avèk sa ankò. Jezi di pou w pa fè sa, "Se jis tankou jete pèl ou devan pouso." Ou wè? Li di, "Jis kite yo trankil. Yo va vire tounen pou mete w anba pye yo. Yo va moke w. Jis al fè wout ou epi kite yo. 'Si avèg la ap kondwi avèg...'"

160 Mwen t al wè yon nonm, sa pa fè lontan, ou pito li te vin kote m. Li t ap pale anpil, toupatou, tout kote, kont gerizon Divin. E li te vini, li te di, "M pa kwè nan gerizon Divin ou an."

161 M te di, "Gerizon m, m kwè, patap sèvi a anyen, paske m pa genyen." Epi li...M te di, "Men Bondye pafè."

Li te di, "Bagay konsa pa egziste."

162 Mwen te di, "Li twò ta pou w di sa, zanmi. Ya, ou te--ou te ret tann twò lontan pou sa. Ou te ka ap pale anpil konsa, kèk lane de sa, men gen yon lòt aj ki an mach la. Gen dè milyon ki ka temwaye, ou wè." M te di, "Ou--ou vin twò ta la, zanmi, pou di sa."

163 Li te di, li te reponn, "Ebyen, m pa kwè sa; m pa fè ka de sa w fè."

M te di, "Sèten ou pakab. Ou pa kapab. Ou wè?"

164 Li te di, "Frape m pou m vin avèg!" Li te di, "Si w vrèman gen Sentespri a, tankou Pòl," li te di, "frape m pou m vin avèg."

165 M te di, "Kijan m taka fè sa piske ou deja avèg?" M te di, "papa w te rann ou avèg konsènan Verite a." M te di, "Ou, ou deja avèg."

166 E li te reponn, "M pap kwè; m pa fè ka de sa w ap fè, kantite evidans ou ka pwouve, oswa nenpòt ki bagay konsa. M toujou pa kwè l."

167 M te di, "Sètènman. Se pat pou enkwayan. Se te sèlman pou kwayan. Se tou." Ou wè?

168 Kisa sa te ye? Ou wè, menm kote a ou konnen, pa gen eleksyon la. Jis pa pèdi tan w ditou ak sa. Jezi te di menm bagay la, Li te di, "Kite yo frankil. Si avèg la ap kondwi on avèg, èske yo pap tonbe nan twou a?"

169 Men lè Li te rive bò kot on ti pwostitiye, /Frè Branham klake dwèt li yon fwa--Editè a./ sa te deklanche dife! Kisa sa te ye? Se te yon semans eli ki te lonje la, ou wè, ki te wè L drèt la. Kan Sa te rive kot Pyè, te gen semans eli ki te lonje la, ou wè, e yo te wè L. "E tout sa Papa te bay, genyen" (tan pase) "ban Mwen, yo va vini. Yo va vin jwenn Mwen." O, la la! M renmen sa! Wi, mesye. Remake, kwayan yo kwè Sa.

170 Enkwayan yo paka kwè L. Kifè, kounye a, si yon moun vle ap pale anpil sou semans sèpan an ak bagay konsa, epi w eseye montre yo, yo pap tande L; jis al fè wout ou. Jis kite yo frankil. Ou wè, Bondye pa nan pale anpil, pitit Li yo tou.

171 Remake, san karant kat mil Jwif eli Bondye yo pa koube devan bêt la, denominasyon li yo, oswa estati li yo, oswa nenpòt bagay la, menm si nasyon pa yo gen on alyans avè l nan moman sa. Izrayèl gen on alyans, men men san karant kat mil yo ki pap fè sa. Sa se eli yo.

172 Se menm bagay la kounye la nan Legliz moun lòt Nasyon yo, se yon gwoup eli. Ou paka atire yo nan jan de bagay sa. Yo pap kwè l. Non, mesye. On fwa ke Pawòl frape yo, se fini jis la. Yo wè...wè l rive, apre sa yo wè l konfime epi pwouve konsa. E yo bese tèt yo la nan Bib la, pou wè Pawòl sa jis ap avanse. Ebyen, ou ta fè jis-fè jis sispan pèdi tan avè yo, paske yo kwè L. Se tou. Se tou. Menm si yo paka eksplike L, men yo konnen yo posede L. Kifè, jan m di a, gen on pakèt bagay m paka eksplike, men m--m konnen sa reyèl de tout fason. En-en. Dakò.

173 Moman sa sitiye ant Sizyèm e Setyèm So a, kote Li rele moun sa yo, se Jezi ki te pale de sa nan Matye chapit 24 epi vèsè 31, ke nou fèk sot li, ou wè. Twompèt yo la, de temwen nan...Kan twonpèt la sonnen, se twonpèt de temwen aj gras pou Jwif yo. Yon twonpèt sonnen, nou remake, yon twonpèt sonnen. Li te di ke Li va sonnen twonpèt la. Bon remake la, 31nyèm lan.

*E li va voye anj li yo (pa youn, ou wè; va gen de nan yo) avèk yon gwo son twonpèt,...*

174 Kisa sa ye? Kan Bondye sou pwen pale, gen yon son twonpèt. Sa se toujou Vwa Li. Sa ap rele pou goumen, ou wè. Bondye ap pale. Anj sa yo va avanse avèk son twonpèt la.

175 E èske w te remake, nan tan Mesaj dènye anj lan, twonpèt la sonnen. Pou mesaj premye anj lan, yon twonpèt te sonnen; , dezyèm anj lan on twonpèt te sonnen, lè L te voye I soti. Remake, men lè So yo te anonse, yo tout te fè yon sèl gwo, bagay Diven, pou rele gwoup moun yo; te gen on twonpèt ki te sonnen, e Sèt So te brize.

176 Remake, "Ap rasanble Jwif eli pa L yo nan kat pati syèl la."

177 Li te pale de sis So yo, jan nou te wè I la, men pa Setyèm So a. Li pat janm te di anyen la konsènan Setyèm So a, okenn kote.

178 Ou wè, toutswit, vèsè 32 a, sa te chanje an parabòl, sou tan apèl Jwif eli yo. Bon siveye la, ou wè.

179 "E Li va voye anj yo avèk twonpèt, pou rasanble Eli a apati de kat kwen syèl la." Kounye a Li kòmanse...

180 Ou wè, Li pa di anyen konsènan Setyèm So a la. Ou wè? Li te pale de Sizyèm So a; Premye, Dezyèm, Twazyèm, Katryèm, Senkyèm, ak Sizyèm lan.

181 Men remake:

*Kounye a aprann yon parabòl de figye a; Kan branch li yo tand, e I ap boujonnen bay fèy, nou konnen ke ete a pwòch:*

*Konsa menm jan an, kan nou va wè tout bagay sa yo, konnen ke sa pwòch, toupre pòt la menm.*

182 Dènye sa, kesyon sa yo te poze L la, "E kisa ki va siy lafen di mond lan?"

183 "Kan w va wè Jwif sa yo...Kan w va wè lòt bagay sa yo ap rive, ou va konnen sa k ap pase. Kounye a, kan w va wè Jwif sa yo..." An palan de Jwif! Obsève kounye a. A kimoun Li t ap pale la, moun lòt Nasyon? Jwif! Jwif! Ou wè?

184 Bon Li te di, "Tout nasyon yo va rayi nou poutèt Non Mwen," elatriye, konsa.

185 Bon, Li te di, "lè," "ou va wè Jwif sa yo kòmanse ap boujonnen byen lwen laba," kan Izrayèl sa kòmanse ap tounen, rantre nan peyi I. Kan I va rive la, (Legliz va prè pou Anlèvman an), va rete sèlman twazan edmi pou fen ansyen mond lan, e li va retwouve I nan katastwòf, e Milenyòm lan va vini, pou nouvo--nouvo tè a. Li te di, "Toupre pòt la menm!" Bon, mil an sou tè a se sèlman on jou pou Bonye. E twa;zan edmi, kisa sa ye? Kèk segond, nan tan Bondye. Se poutèt sa Li te di, "Toupre pòt la."

*An verite Mwen di nou, ke, jenerasyon Sa a pap pase, fini ale, moun sa yo, jouk tout bagay sa yo rive...*

186 Kisa, kisa ki pap fini ale a? Yo t ap eseye touje Jwif yo, disparèt yo sou tè a, tout tan. Yo pat janm kapab fè l.

187 Men remake. Jenerasyon Jwif menm ki te wè retounen an Palestin lan, jenerasyon sa va wè bagay sa yo ap rive. E jis de dènye ane pase yo, li te vin konplètman on nasyon, avèk pwòp kòb li ak nenpòt lòt la. Men li.

188 Bon ki kote nou ye, zanmi? So yo ak tout bagay ap louvri; bon nou ap antre sa antre de la. Men ni. Ou wè ki kote sou retwouve nou? /Kongregasyon an ki, "Amèn."--Editè a./

189 M espere w sezi L. M pa gen okenn edikasyon. M konn de kisa m ap pale, men petèt m paka eksplike--eksplike L, pou sa fè sans pou ou. Men m espere ke Bondye va pran Pawòl ki melanje a, pou separe yo jis kòrèk, ou wè, epi fè w konnen kisa Sa ye. Paske, sè ke, nou toupre pòt la. Nou isi a nan moman an. Bon remake.

190 Ou wè, prese prese kounye a, Li te tounen al jwenn Jwif sa yo, epi nan fen tan an. Li di sa ki pral rive. Nou konnen sa depi kounye a...Nou konnen, nou byen enfòme, ke tribi yo epapiye. Yo te konsa, depi de mil senksanzan. Sa te pwofetize ke yo t ap epapiye nan kat van yo. Èske w te konn sa? Nou konnen sa.

191 Natirèlman, nou pa oblige retounen dèyè pou gen, pou pran sa, paske m gen on bagay la vrèman enpòtan ke m vle w sezi, anvan w vin twò fatige, epi m vin epwize.

192 Remake. Nou konnen, ke menm chak tribi, sa se kwonoloji tribi yo, oswa nenpòt jan w vle rele I la, oubyen jewoloji, oswa pozisyon tribi yo, yo pa ansanm ankò. Yo epapiye, toupatou.

193 Jwif yo, ap rasanble Jerizalèm, se pa...Yo pa menm konn tribi yo. Yo pa gen okenn banyè tribi ankò oswa anyen ditou. Tout sa yo konnen, la, sè ke yo se Jwif. Sa te pwofetize ke yo t ap konsa, nan tout mond lan. Bon, liv pa yo te detwi. Yo pa konnen.

Ou va mande, "Nan ki tribi w soti?"

"M pa konnen."

"Ki tribi?"

"M pa konnen."

194 Youn vin de Benjamen, youn de sesi, e lòt la de sela. Yo pa konnen ki kote yo soti. Liv yo te detwi, atravè gè yo, pandan de mil senksanzan. Sèl bagay yo konnen, yo se Jwif. Se tou.

Kifè, yo konnen ke yo te retounen nan peyi yo. Poutan yo...Remake, menm si yo pa konn tribi yo, Bondye konnen.

195 M jis renmen sa! Ou konnen, Li te menm di ke gen..."Chak cheve nan tèt ou konte." Hmm! Remake, li pap pèdi anyen. "Mwen va resisite nan dènye jou a."

196 Menm si yo te pèdi banyè tribi yo, epi kilès sila ye, epi konnen si yo se sesi ou sela; yo pa konnen si yo soti de Benjamen, oswa, oswa si yo vin de Ribenn, oswa--oswa Isaka, oswa ki kote yo soti. Men, de tout fason, Bondye ap rele yo la.

197 Kounye a remake, nan Apokalips 7, nou li sa. "Douz mil nan chak tribi, ki te seleksyoné, e yo te plase drèt la annòd. O, la la! Kisa yo ye? Yo te annòd dapre tribi yo. Poutan yo pa konnen, men yo va konnen l. Yo annòd dapre tribi yo. Kisa ki va annòd daprè tribi yo? Pa Jwif regilye a, non. Men sila ki te eli a, san karann kat mil yo, yo va plase annòd dapre tribi yo. O, la la!"

198 Ala m ta renmen montre w! Nou pap antre ladann. Men se egzakteman sa ke Legliz dwe ye, en-en, jis annòd

199 Bon m vle w obsèvè avèk atansyon pou w li avè m, pandan yon minit. Kounye a men yon bagay ke petèt ou pat janm remake nan apèl tribi yo--yo. M te di, sa fè on ti tan pou w li Apokalips 7. Li avèk mwen, epi siveye tribi sa yo. Nan Apokalips 7, Dann ak Efrayim pat la e yo pat konte pami yo. Èske w te remake sa? Dann ak Efrayim pat la. Non, mesye. Men, Jozèf ak Levi te pran plas--plas--plas Dann ak Efrayim.

200 Poukisa? Yo...Memwa inoubliyab Bondye sonje chak pwomès Pawòl Li. O, m ta renmen preche sou sa. Ou wè? Bondye pa bliye anyen. Menm si sa sanble sa.

201 Tankou L te di Moyiz. Izrayèl te anba la depi, "Katsanzan." Men yo dwe monte fwa sa. Li te di Abraham, "E semans li va ale nan yon peyi etranje pandan katsanzan, apre sa Li ta pral fè yo soti avèk yon bra pwisan." Men apre sa Li te di Moyiz, "Mwen sonje pwomès Mwen, e Mwen desann pou akonpli sa M te di a."

202 Bondye pa bliye. Li pa bliye malediksyon L yo, ni Li pa bliye benediksyon L yo tou. Men, chak pwomès ke Li te fè, Li rete avè l.

203 Men sa k fè yo te manke l, kounye a, si w ap obsèvè. Kounye a li. M vle w li avè m kounye a. Al nan Detewonòm, ven...nan vèsè 29 la la, oswa chapit 29 la, pito. Gen yon rezon kifè tribi sa yo pat la. Tout bagay gen on rezon dèyè l. Detewonòm, nou vle pran chapit 29 la--la nan Detewonòm. Bon, Seyè a tèlman ede nou, ke nou kapab konprann kounye a. Bon nou vle kòmanse nan Detewonòm, chapit 29 la, nan vèsè 16. Tande kounye a. Moyiz ap pale.

*(Nou konnen kouman nou te abite nan peyi Legip; e kouman nou te pase atravè nasyon ki te sou chemen nou;*

*E nou te wè abdominasyon yo, ak idòl yo, an bwa...wòch, an ajan... annò, pam yo:)*

204 Tout moun te trennen on ti kichòy oswa on lòt, on estati Sent Sesil. Ou konnen, on bagay konsa, ou wè. "Pa konsekan..." Tande.

*Ke pa gen pam i nou yon nonm,...yon fanm, oswa on fanmi, oswa on tribi, ke kè I ta tounen jodi a de Bondye Seyè a, pou I al sèvi dye nasyon sa yo; ke pa gen pam i nou yon sèl rasin bil ak rasin amètim;*

*E sa te rive, lè li te tande pawòl malediksyon sa yo, ke li te beni tèt li nan kè I, pou di, Mwen...gen lapè, menm si m ap mache d'apre imajinasyon sa k nan pwòp kè m,...*

205 Ou wè, pèp la di, "O, li beni tèt li." Ou konnen, li te fè on ti kwa oubyen on bagay, tankou y ap fè kounye a, ou wè; menm bagay la, ou wè. E ou konsyan ke se yon tras bagay payen, ou wè, se tankou payen yo.

*...li beni tèt li nan pwòp kè I,...pwòp imajinasyon I nan pwòp panse I, pou te ajoute bwè tafya nan plas swaf:*

206 "Jis bwè, sa pa fè okenn diferans; toutotan w al legliz, ou kòrèk."

*Alò Seyè a pap epaye I, men kolè Seyè a...jalouzi li va leve kont nonm sa, epi tout malediksyon ki ekri nan liv sa (Piga retire yon Mo ladan L, oswa ajoute youn ladan L," ou wè.) va tonbe sou li, e Seyè a va efase...efase non I anba syèl la.*

207 Sa se pandan li isit la sou tè a, ou wè, "anba syèl la."

*E Seyè a va retire mal la pou fè I soti pam i tout tribi Izrayèl yo, d'apre tout malediksyon ki nan alyans ki ekri nan liv lalwa sa:*

208 Kidonk, "Si yon nonm pral sèvi on idòl, oswa kenbe on idòl sou li, oswa beni tèt li nan pwòp imajinasyon panse I, pou sèvi idòl," Bondye di, "gason, fanm, fanmi, oswa on tribi, non li va konplètman efase, nan mitan pèp la." Bon, èske se vre? /Kongregasyon an di, "Amèn.-- Editè a."/ Se pa tikras vre!

209 Idolatri te fè menm bagay la nan legliz, dè zane de sa, e I ap fè I jodi a. E m remake...Siveye kouman antikris la t ap eseye fabrike on anti mouvman. Konbyen moun ki konnen ke dyab la se tip epi li kopye--kopye sen Bondye yo?

210 Kisa-kisa peche ye? Se bagay kòrèk la pèvèti. Kisa on manti ye? Se verite a mal reprezante. Kisa adiltè ye? Se ak kòrèk la, ak legal la, akonpli movèz fason. Ou wè?

211 Bon, si w ap eseye fè sa, "efase on non," èske w te remake nan aj legliz la, menm bêt la ki te sèvi ak imaj moun mouri, elatriye, te eseye efase Non Seyè Jezikri a, pou bay tit Pè, Fis, e Sentespri. Menm bagay, ak malediksyon sa dèyè I, tankou sa.

212 Dann ak Efrayim te jis fè sa, anba on wa ipokrit an Izrayèl, on enpostè, Jewoboram. Bon, remake, nan Premye Wa chapit 12 la. M konnen nou...Sa, pou mwen, sa--sa--sa mete on ekran sou sa nou ka apiye nou, sa nou sezi. Premye Wa, m vle ale nan chapit douz la, vèsè 25 a 30.

*Apre sa Jewoboram...Sichèm nan montay Efrayim, e li te rete la; e li te al nan...e li te bati Penwèl.*

*Ekounye a Jewoboram te di...nan--nan kè I (ou wè, imajinasyon kè I), Bon èske wayòm lan pral tounen jwenn kay David la:*

213 Li te kòmanse pè, ou wè, paske pèp la te ka ale.

*Si pèp sa al anwo a pou...ofri sakrifis nan kay Seyè a nan Jerizalèm, alò kè pèp sa va tounen ankò al jwenn seyè, Roboram wa Jida a, e yo va touye m, pou al...jwenn Roboram--Roboram wa Jida.*

*Menm kote a wa te konvoke on konsèy, pou I te fè de vo annò, e li te di yo, Sa twòp pou nou pou n monte al Jerizalèm: men dye nou, O Izrayèl, ki te fè w...soti nan peyi Legip.*

*E li te plase youn nan Betèl, e lòt la li te mete I nan Dann.*

*E bagay sa te vin on peche: paske pèp la t al adore devan sila, ki te nan Dann lan.*

214 Ou wè, Efrayim te Betèl, epi Dann, e yo te tabli idòl yo. E sila yo te al adore sa.

215 E men nou, ap desann drèt nan aj Milenyòm lan, prèske, e Bondye toujou sonje peche sa. Yo pat menm konte yo la. Hey! Glwa! /Frè Branham frape men I yo ansanm yon fwa--Editè a/ Jis menm jan sèten Li sonje chak bon pwomè, Li sonje chak move yo, tou. Jis sonje, kan...

216 Se poutèt sa , zanmi, mwen kwè m te toujou eseye rete ak Pawòl sa, pe enpòt jan Li sanble I etranj.

217 Ou wè, kounye a, yo patap ka panse a sa la lè sa. Yo pat panse a sa lè sa. Yo te panse, "Ebyen, yo te chape avè I." Dakò.

218 Men isit la yo bò isit nan aj Milenyòm sa ki t ap prepare, kan non yo ak tribi yo te “efase” sot ladan I, poutèt yo te sèvi idòl, ke Bondye te modi.

219 Èske L pat di Li “rayi” Nikolayit yo ak Jezabèl sa? Rete Iwen de li. Èske L pat di Li ba touye pitit fi Jezabèl yo ak “lanmò” ki se separasyon Etènèl pou soti nan Prezans Li? Piga met konfyans nan sa, pa ditou. Rete Iwen de sa. Kifè, Bondye sonje. Remake.

220 Men èske w te remake la, sa te dwe “efase”? Poukisa? Anba Syèl la pat gen okenn Sakrifis imedyat ki te ka ba li Sentespri a, pou te kite l wè bagay sa yo. Men li te fè l, kanmenm, nan pwòp panse egojis li.

221 Men, Ezekyèl, nan vizyon I lan, nan Milenyòm, li wè yo ankò annòd. Ezekyèl, si w vle li l. Jis ekri l, e ou ka li l, pou sove tan. Ezekyèl 48:1 a 7, epitou li 23 a 29. Ezekyèl te wè chak tribi jis egzakteman annòd. Dakò.

222 Epitou, nan Apokalips 14, Jan te wè yo ankò annòd dapre tribi yo, se vre, chak tribi nan plas li. Kisa k te rive?

223 Ou sonje, Li te di, “Anba syèl la, non li va efase soti nan zafè tribi yo.” Toutotan yo te anba syèl la, yo patap la ankò. E, poutan, san karant kat mil sa anba la bò kote tribi yo. Ok. Men, ou wè, yo te avegle. Yo te sèlman gen sakrifis towo ak bouk yo. Ou wè? Kounye a remake, Li te efase yo, “anba syèl la.”

224 Men moun lòt Nasyon yo, nan moman Sentespri a, kont Sa; non yo te konplètman soti nan Liv Lavi a, “e patka janm gen padon, nan mond sa oswa nan mond k ap vini an.” Se vre? Kifè men kote nou kanpe.

225 Izrayèl, anba bouk, brebi, yo--yo te gen on plas. Toutotan yo te sou tè isit la, tribi pa yo te absan. Yo patka jamn enkli yo. Bon, tout...Kan Li te rele yo, laba, san karant kat mil yo, yo te absan. Se vre. Yo pat menm konte yo la. E Jozèf ak Levi te ranplase Dann ak Efrayim. Bon ou ka verifye sa. Drèt la men ni, devan w, ou wè. E men pwomès Bondye a, byen Iwen la, dè santèn e dè santèn dane anvan sa. /Frè Branham frape sou chè a plizyè fwa--Editè a./

226 Bon, kisa k te rive? Yo te pirifye pandan tan tèrib peryòd Tribilasyon an.

227 Bon, si Bondye pral pirifye vyèj sa--sa, ki te on bon fanm, men ki te jis echwe poutèt li pat gen lwil nan lanp li, e Li pral pirifye l atravè pèsekisyón la. Li te plase tribi sa yo drèt la, pou menm rezon an, pou pirifye yo pandan tan peryòd Tribilasyon an. Paske, se yon--yon pirifikasyon. Se jijman. Men, ou wè, yo, apre...E, gade la, men san karant kat mil yo ki t ap monte apre pirifikasyon Izrayèl. E men vyèj andòmi yo ki t ap vini tou, ki te monte, pirifye, epi ki te gen wòb blanch sou yo. Ou wè? Ala pafè! Ala bèl sa ye!

228 Jis menm jan ak Jakòb, nan tan ki te gen pwoblèm yo, ou wè. Yo...Jakòb nan tan ki te gen pwoblèm yo. Li te mal aji. Men li te pase atravè tan pirifikasyon an poutèt li te mal aji ak frè I, Ezawou. Ou wè? Li te twonpe I, pou I te ka gen dwadenès li. Men li te pase pa yon pirifikasyon anvan I te ka gen non I chanje pase de Jakòb a Izrayèl, ki se on tip lòd Bondye, ki te on tip jodi a.

229 Bon, nou pral tounen kounye a al nan vèsè 8 la, ou pito vèsè 1 an, m vle di, nan chapit 8 la; Apokalips 8:1.

230 Mwen konnen ou fatige. Men, kounye a, jis eseye tandem jis pandan kèk minit kounye a. E, ke Bondye nan Syèl la ede nou, se priyè mwen.

231 Nou dwe sonje ke Setyèm So sa se fen tan an, fen tout bagay. Se vre. Bagay ki ekri nan Liv Sèt So a, te sele, plan redanmsyon an depi anvan fondasyon mond lan, tout bagay nèt fini. Se fen an; se fen mond sa k ap debat la. Se nati a k ap debat. Se fen pou tout bagay. Anndan la, se fen Twonpèt yo. Se fen fleyo yo. Se fen tè a. Se...Se menm fen tan an.

232 Tan an fini. Bib la di sa. Matye, chapit 7...M vle di, Apokalips, cha-...7 la dizyèm chapi ak...epi vèsè 1 a 7. Tan an fini. Anj lan di, "Pa gen tan ankò," kilè sa, nan jou kote gwo bagay sa va rive.

233 Tout bagay fini, nan tan sa, nan fen--fen...nan fen Setyèm So sa. Remake. Se fen aj legliz. Se--se Setyèm So a. Se fen Twonpèt yo. Se fen Fleyo yo, e se menm fen inogirasyon Milenyòm lan. Sa se nan Setyèm So a.

234 Se tankou lanse on fize dan lèzè. Epi fize sa eksplode isit la, e li monte pou eksplode ankò apre sa. Li fè senk etensèl. Youn nan etensèl sa yo eksplode pou fè eklate de li senk etensèl; e apre sa youn nan etensèl sa yo eksplode pou fè eklate soti nan li senk etensèl. Ou wè, sa kontinye disparèt.

235 Se sa, ki, Setyèm So a. Li jis mete fen a tan an pou mond lan. Li mete fen a tan an pou sesi. Li mete fen a tan an pou *sel/a*. Li mete fen a tan an pou se *lòtbò*. Li mete fen a tan an. Tout bagay jis fini nan Setyèm So sa.

236 Bon, kouman Li pral fè sa? Se sa ke nou pa konnen an. Se pa vre? Nou pa konnen.

237 Se tan an menm pou tout bagay sa yo, epi inogirasyon Milenyòm lan.

238 Remake, ouvèti So sa te tèlman gran, ke, Li te koze on silans nan Syèl la, "an silans, pandan on dire de yon demi è." Bon, ala Sa gran! Kisa Sa ye? Li te koze silans, nan Syèl la. Pat gen anyen ki t ap bouje, pandan on demi è.

239 Bon, on demi è kapab pa long si w ap pase on bon moman. Men, nan sispons ant lanmò e Lavi, sa t ap sanble tankou on Milenyòm. Sa te tèlman gran!

Jezi pat janm mansyone L. Okenn nan rès lòt yo.

240 Jan patka menm ekri L. Non, yo te entèdi l ekri *isit la*. /Frè Branham tape sou Bib li de fwa--Editè a./ Ou wè, te gen jis on...jis...Li pat ekri L, men se te silans.

241 E venn kat ansyen yo ki te kanpe devan Bondye, La, ap jwe ap; yo te sispann jwe ap yo a.

Anj yo te sispann chante yo a, nan Syèl la.

242 Panse! Cheriben ak Serafen ki sen, Ezayi te wè Yo nan tanp lan, avèk sis pè...oswa twa pè zèl. Twa...De pou kouvri figi yo, de pou kouvri pye yo, epi ap vole. e yo te la jou e nwit, devan Bondye, ap chante, "Sen, sen, sen, se Bondye Seyè Toupwisan an!" E menm lè yo t ap mache oswa ap antre nan tanp lan, kolòn tanp lan te sekwe, akoz prezans yo--yo.

243 E Serafen sen sa yo te fè silans. Anj yo te sispann chante. Uh-huh. Fiouw! Ap vole nan Prezans Bondye, ap chante, "Sen, sen, sen," Yo te fè silans. Pa gen Anj ki t ap chante. Pa gen louwanj. Ankenn--ankenn sèvis sou lotèl la. Non, anyen. Se te silans; silans konplè, silans lanmò nan Syèl la, pandan on demi è.

244 Tout lame Selès la te fè silans pandan demi è sa, kan misterye Setyèm So sa nan Liv Redanmsyon an te brize louvri. Panse a sa. Men, Sa te brize. Ayo a brize L. Ou konn on bagay? Sa te fè yo pè, mwen kwè. Yo pat konnen; men Ni ki te la! Yo te annik stope.

245 Poukisa? Kisa Sa ye? Bon, pèsonn lan nou pa konnen. Men, M--M pral di w, dapre revelasyon m--m de Li.

246 Epi, bon, m pa gen tandans on fanatik. Si m konsa, m pa konsyan de sa, ou wè. Mwen...Mwen pap sede pou jan de bagay ki se opinyon ak imajinasyon.

247 M te di dè bagay, ki te kapab on jan etranj pou kèk moun. Men kan Bondye vini, pou apiye L, e konfime L pou di Se Laverite, alò se Pawòl Bondye. Ou wè? Sa kapab sanble etranj, fason sa. Ou wè?

248 E kounye a, osi sèten m kanpe sou estrad la aswè a, m te gen revelasyon ki te revele a. Sa te fèt dapre twa fason. M pral pale avè w, avèk èd Bondye, de youn nan fason yo sou Sa. E apre ou...Ann al sou sa, dabò. Men revelasyon an, pou kòmanse sou sa m vle di w, sa Sa ye. Kisa k rive, sè ke...Sèt Tonè sa yo ke li te tande k gwonde yo, e ke yo te entèdi l ekri a; se

sa mistè a ye, ki layite dèyè Sèt Tonè konsekitif sa yo ki t ap woule a. /Frè Branham frape sou chè a plizyè fwa--Editè a./

249 Bon, poukisa? Ann pwouve sa. Poukisa? Se sekrè ke pèsonn pa konnen an. Yo te entèdi Jan pou ekri konsènan Sa, menm--menm ekri on senbòl konsènan Sa. Poukisa? Se poutèt sa ke pat gen aksyon nan--aktivite nan Syèl la: sa te kab revele sekrè a. Èske w sezi l kounye a? /Kongregasyon an di, "Amèn."--Editè a./

250 Si Sa tèlman gran, Sa dwe enkli, paske Sa dwe rive. Men kan Sèt Tonè yo...

251 Bon remake. Kan sèt Anj yo te soti pou ap sonnen Twonpèt pa yo, te gen on tonè. /Frè Branham frape sou chè a on fwa--Editè a/ Kan Izrayèl te rasanble, te gen on twonpèt. "Kan ta pral pa gen tan ankò," dènye twonpèt la, on twonpèt.

252 Men la gen Sèt Tonè youn dèyè lòt, drèt on sèl kou: youn, de, twa, kat, senk, sis, sèt, chif pafè sa. Sèt Tonè on sèl kou, te gwonde, pa...t ap fè jis--jis youn, de, twa, kat, senk, sis, sèt, youn dèyè lòt. /Frè Branham te frape sou chè a sèt fwa--Editè a./ Alò, Syèl la patka ekri Sa. Syèl la paka konnen konsènan Sa, okenn lòt, paske pa gen anyen ki t ap dewoule. Se te on tan rilaks. Sa te tèlman gran, jouk, yo te gade Sa sekrè pou Anj yo.

253 Bon, poukisa? Si Satan ta met men sou Sa, li taka fè gwo domaj. Gen on sèl bagay li pakonnen. Bon, li ka entèprete tout bagay li vle, epi imite tout sòt de don, (m espere w ap aprann), men li paka konn Sa. Sa pa menm ekri nan Pawòl la. Se on sekrè total.

254 Anj yo, tout bagay, fè silans. Si yo te fè on jès, sa te ka revele on bagay, kifè yo te annik fè silans, te sispann jwe ap. Tout bagay te stope.

255 Sèt, chif pafè Bondye . Sèt, /Frè Branham frape sèt fwa sou chè a--Editè a./ jis drèt on sèl kou. Sèt Tonè te gwonde on sèl kou ansanm, tankou yo t ap eple on bagay. Remake, nan moman sa, Jan te prepare pou ekri L. Li te di, "Pa ekri L."

256 Jezi pa janm pale de Sa. Jan patka ekri L. Anj yo pa konn anyen sou Sa. Kisa Sa ye? Se bagay ke, Jezi te di, "Menm Anj nan Syèl la pat konnen" anyen de Sa. Ou wè? Li pat konnen L, Limenm. Li te di, "Bondye sèlman" va konnen L.

257 Men Li te di nou, kan nou "va kòmanse ap wè siy sa yo ap vini." Se kounye a nou pral on kote? /Kongregasyon an di, "Amèn."--Editè a./ Dakò. Remake, nou "kòmanse wè siy sa yo k ap vini." Ou wè?

Si Satan te ka met men sou Sa...

258 Si w vle on bagay rive...Bon ou pral oblige pran pawòl mwen pou sa. Si m ap planifye fè on bagay, m konnen mye ke di moun on bagay sou sa. Se pa ke moun sa pral rakonte l, men Satan pral tandé l. Ou wè? Li pakab genyen l, poutèt li nan kè m la, osi lontan Bondye kenbe l sekrè ak Sentespri a, konsa sa se ant mwen e Bondye. Li pa konn anyen sou sa jouk ou di l, alò li tandé l. E m te eseye...Mwen di moun ke m pral fè tèl tèl bagay, e obsèv dyab la k ap tranche chak sa l kapab, pou rive la, ou wè, pou rive anvan m konsènan sa. Men si m gen revelasyon an de Bondye, epi jis pa di anyen sou sa, alò se diferan.

259 Sonje, Satan pral eseye imite. L ap eseye imite tout bagay ke Legliz lan pral fè. Li te eseye fè l. Nou remake sa, nan antikris la.

260 Men sa se yon bagay li pa ka imite. Pap gen okenn imitasyon de sa, ou wè, paske li pa konnen L. Pa g okenn mwayen pou l konnen L. Se Twazyèm Poul lan. Li jis pa konn anyen sou Li. Ou wè? Li pa konprann Li.

261 Men g on sekrè k lonje anba Sa a! [Frè Branham frape sou lestrad la yon fwa—Editè a.] Glwa pou Bondye nan Sa k pi Wo an! M pa janm ka panse menm jan an, pou rès vi m, lè m te wè. Kounye a, m pa konn kisa...M konn pwochen etap la la a, men m pa konn kisa, kijan pou entèprete sa. Sa pap pran lontan. M te gen k ekri anba isi a, lè sa te rive, si n ka wè isi a: "Kanpe. Pa al pi lwen pase sa a isi a menm." M pa gen tandans pou m on fanatik. M jis ap di Laverite.

262 Men nou sonje ti soulye an, ke m te toujou eseye eksplike kijan ke nanm lan te lonje sou kote *tèl tèl bagay*, epi konsyans andedan an, ak tout kalite bagay sa a? Ki, sa te sèlman f on gwo pakèt imitasyon kòmanse apre sa. Kijan yo dwe fè men an monte, epi kenbe moun yo, epi gen vibrasyon? Tout moun te g on vibrasyon nan men yo.

263 Men nou sonje, lè L te mennen m anwo la a, epi te di: "Sa se Twazyèm Poul sa a, e pèsòn pap konnen L." Nou sonje sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Vizyon pa janm echwe. Yo se Laverite pafètman.

264 Kounye a remake. Sonje vizyon konstelasyon an? Charlie, mwen...Men ou.

265 On bagay ap pase, m te di nou, semèn sa a, ke nou...Sa te tout nan viwonn nou, men m mande m si n te remake sa.

266 Sonje konstelasyon an, de vizyon Zanj yo, lè m te kite isi a pou al nan Arizona? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Nou sonje "Ki Lè L Ye, Mesye?" ["Amèn."] Nou sonje sa? Remake, te gen sèlman yon gran kout tonè, epi sèt Zanj te parèt. Se vre? ["Amèn."] Yon sèl kout tonè, sèt Zanj te parèt.

Epi *m te wè* Ayo an lè I te *louvri* premye so an, epi *m te tandé*, *tankou se te vwa* yon *tonè*, epi *youn nan kat bét yo* te di: *Vin wè*.

267 Remake, yon sèl tonè, Sèt Mesaj ki te sele epi pa ka revele jouk nan dènye jou an, de laj sa a. Ou wè sa m vle di? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

268 Kounye a, èske n te remake pati mistè nan semèn sa a? Se sa L ye? Se sa L te ye. Se pat yon èt imen, yon-yon nonm. Se te Zanj Seyè yo. Remake.

269 Gen dè temwen, de twa, chita anndan isi a, ke sa f on semèn de sa, on tikal plis pase on semèn de sa, m te anwo, dèyè nèt nan mòn yo, toupre Mexico, ak de frè ki chita isi a. Ap retire chadwon, oswa boul pikan, nan janm pantalon m; epi yon eksplozyon te pati, ki prèske, te sanble tankou I te souke mòn yo pou fè yo tonbe. Kounye a, se vre. M pat janm di frè yo, men yo te remake on diferans.

270 Epi L te di m: "Kounye pare tèt ou. Ale nan lès. Men entèpretasyon vizyon sa a." Ou wè? Kounye a, pou kite nou konnen, Frè Sothmann pat gen jibye ke I t al dèyè I la. Nou tap eseye pran I pou li. Epi L te di: "Kounye a aswè a, pou yon siy pou ou, li pa pral fè I. Ou dwe konsakre tèt ou nan moman sa a pou vizit Zanj sa yo." Epi m te santi m pat nan mwenmenm, nou sonje.

271 Epi m te nan Iwès. Zanj yo tap vin nan lès. Epi antan Yo vin la a, m te pran monte avè Yo, (nou sonje sa?) ap vini nan lès. [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

272 Epi Frè Frèd, anndan isi a aswè a, s on temwen, ak Frè Norman. Antan n te desann, m te prèske konvenk mesye sa a pou I rete epi pran jibye I la. Èske se vre, Frè Sothmann? [Frè Fred Sothmann: "Amèn."—Editè a.] Ya, men, kanpe la a menm. M te konvenk, men, poutan, Li te di: "Li pap fè I." M pat janm di anyen; te kontinye.

273 On Bagay, chita bò kote tant lan, jou ke...Ou sonje, Frè Sothmann. Epi mwen, osito ke yon bagay t ap di, ke m te met oumenm ak Frè Norman...Kote Frè Norman ye? Dèyè a la a. Mete yo sou sèman, ke yo pa tap mansyone sa k tap pase a. Èske se vre? [Frè yo di: "Amèn. Se laverite."—Editè a.] Èske m te vire tounen epi mache lwen tant sa a, kon sa? Èske se vre? ["Se vre."]

274 Paske, sa se sa I te ye, egzakteman sa I te ye, epi m konnen ke m pat ka di I jouk li te rive, wè si moun yo tap konprann li.

275 Epi èske n te remake? "Grenn Zanj sa a," m te di: "anndan la a, te g on Zanj etranj." Li te parèt plis pou mwen pase nenpòt nan rès ladan Yo. Nou sonje sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Yo te nan yon konstelasyon; twa sou on bò, epi youn anlè. Epi sila ki te dwat sou

kote m isi a, nan konte sot agòch rive adwat, tap setyèm Zanj lan. Li te pi klere, te gen plis valè pou mwen pase rès ladan Yo. Nou sonje? M te di: "Li te gen lestomak Li ki soti, kon sa, epi tap vole nan direksyon lès" (nou sonje) "kon sa." M te di: "Li te pran m monte; te leve m monte." Nou sonje sa? ["Amèn."]

276 Men Li, sila a ak Setyèm So an, bagay ke m te mande tèt mwen tout vi m. Amèn! Lòt So sa yo te gen anpil valè pou mwen, byensi, men, o, nou pa konn ki valè Sa te genyen, pou yon fwa nan vi m! [Frè Branham te frape sou lestrad la plizyè fwa—Editè a.]

277 M te priye, m te rele bay Bondye. Mwen-m-m...Apre reyinyon nan Phoenix sa a...Nenpòt nan moun yo, la a avè m, konnen. M te lonje nan mòn yo.

278 Yon jou maten, m te leve epi m te monte nan Sabino Canyon, gran mòn, rèd, wo sa yo. Epi m te monte anndan la a. E g on ti pasaj a pye, apre w kòmanse, kontinye monte nan Mòn Lemmon, ki s on mach karanntuit kilomèt, prèske apeprè trant pye nèj monte la a. Kifè, anwo nan mòn lan, byen bonè avan l jou, ap monte atravè ti pasaj a pye sa a, ap woule wòch tout la a. M te santi m kondwi pou vire nan direksyon sa a. Epi m te vire, epi m te monte nan kèk gwo wòch ak dan, o la la, dè santèn de pye nan wotè.

279 Epi m te met ajenou nan mitan wòch sa yo. M te poze Bib sa a atè, epi m te poze liv sa a atè...ti kanè sa a. [Frè Branham monte Bib li ak kanè l—Editè a.] M te di: "Seyè Bondye, kisa vizyon sa a vle di? Mwen-m se-m se..." M te di: "Seyè, se...Èske sa vle di lanmò m?"

280 Nou sonje, m te di nou: "M te panse sa te ka vle di lanmò m, paske yon bagay te eksplode jouk sa te jis souke m an myèt moso." Nou sonje sa. Konbyen moun ki konn sa, ki te tande sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Pouki, sèten, ou wè, nou tout. Epi m te panse sa te ka vle di lanmò m.

281 Epi apre nan chanm lan, m te di: "Èske te...Kisa-kisa-kisa sa te ye, Seyè? Kisa-kisa sa vle di? Èske sa vle di m pral mouri? Si se sa, trè byen, m pap di fanmi m. Jis kite m kontinye, ou wè, si travay mwen fini." Epi m te di...

282 Kounye a, kisa sa te ye? Men Li te voye yon temwen tounen, nou sonje m tap di nou, ke se pat sa. Se te travay mwen ki tap kontinye. O, o, o! Nou konprann li? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Ou wè? Epi chita anwo nan Sabino Canyon...

283 Papa ki nan Syèl la konn sa. Se vre jis menm jan nou wè sa ki pase, Zanj sa yo desann dwat epi te konfime chak Mesaj ke se menm lan. Lè sa a, nou konnen si Sa sot nan Bondye, oswa non. Sa te anonse davans, ban nou, pa yon vizyon. M pat ka di nou jouk sèvis yo fini, paske yo te entèdi m sa.

284 Nan Sabino Canyon, chita anwo la a jou maten sa a, m te gen men m anlè. Epi pa m...Van an te vante fè ansyen chapo nwa m lan tonbe. Lè...M te kanpe la a, ak men m anlè, ap lapriyè. M te di: "Seyè Bondye, kisa sa vle di? M pa ka konprann li, Seyè. Kisa m dwe fè? Si se tan pou m al Lakay, kite m monte isi a, se kote yo pap janm jwenn mwen. M pa vle pèsòn ap fè dèy la a, si m ale. M- m jis vle fanmi an panse ke m te jis pran mache. Epi yo pap jwenn mwen. Kache m on kote. Si m pral olwen, pouki, kite m ale. Petèt Joseph pral jwenn Bib mwen lonje isi a, yon jou, epi kite l sèvi avè L. Ou wè, si m pral olwen, kite m ale, Seyè." Epi m te gen menm yo deyò. Epi, toudenkou, yon bagay frape men m.

285 M pa konnen. M pa ka di. Èske m t al dòmi? M pa konnen. Èske m t al nan yon trans? M pa konnen. Èske se t on vizyon? M pa ka di nou. Sèl bagay m ka di se sa mwen...Jis menm bagay la tankou Zanj sa yo te ye!

286 Epi l te frape men m. Epi m te gade, epi se t on nepe. E l te gen pèl nan manch yo, vrèman bèl; e te g on gad sou li, ak lò. Epi lam lan te sanble tankou on bagay tankou on kwom, tankou ajan, sèlman li te vrèman klere. Epi arebò a te taye sitèlman file, o la la! Epi m te panse: "Èske sa pa pi bèl bagay la!" Jis ajiste nan men m! M te panse: "Sa bèl anpil. Men," m te di: "Hey, m toujou pè bagay sa yo, yon nepe." M te panse: "Kisa m pral fè ak sa a?"

287 Epi jis lè sa a yon Vwa te ebranle anba la a, ki te souke wòch yo. Te di: "Se Nepe Wa a!" Epi apresa m soti ladan l.

288 "Nepe Wa an." Kounye a, si Sa te di: "Yon nepe yon wa..." Men L te di: "Nepe Wa an." E gen sèlman yon sèl "Wa an," e se Bondye. E L gen yon sèl Nepe, se Pawòl Li, se pa sa mwen te viv. Sa, kidonk ede m, Bondye; kanpe sou biwo sen L isi a, ak Pawòl sen sa a poze isi a! Se Pawòl la! Amèn! O, al on jou n ap viv ladann! Al on gran bagay! Ou wè mistè a ak sekrè a? Twazyèm lan...

289 Kanpe la a lè sa te kite m, Yon Bagay jis vin jwenn mwen epi te di: "Pa pè." Kounye a, m pat tande okenn vwa. Tankou sou andedan mwen, ki te pale. M dwe jis di nou laverite, jis egzakteman sa k te pase. Yon bagay te frape, epi te di: "Pa pè. Sa se Twazyèm Poul la."

290 Twazyèm Poul! Nou sonje Sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Li te di: "Ou te gen sitèlman imitatè sou sa, sa w te eseye eksplike. Men," te di: "pa menm eseye, Sa." Nou sonje sa? Konbyen moun ki sonje vizyon sa a? ["Amèn."] Pouki, tout fini. Sa anrejistre sou kasèt, ak toupatou. Sa te fè apeprè sizan de sa, setan de sa. Te fè setan de sa. Te di: "Pa eseye eksplike Sa." Te di: "Sa se Twazyèm Poul lan, men M ap rankontre avè w anndan la a." Se vre? ["Amèn."] Li te di: "Pa eseye..."

291 M te kanpe ak on-on ti soulye bebe, lè L te pale avè m. Te di: "Kounye a fè Premye Poul ou an. Epi lè w fè sa, pwason an pral kouri dèyè apa a." Te di: "Apresa gade Dezyèm Poul ou an," te di: "paske Sa pral sèlman ti pwason." Li te di: "Apresa Twazyèm Poul lan pral pran I."

292 E tout minis sa yo te viwonnen m, te di: "Frè Branham, nou konnen w ka fè !! Alelouya! Frè Branham!" Se kote m toujou pran nan won/mele, ak on pakèt predikatè. Ou wè? M renmen moun. Yo vle w eksplike tout bagay, *sesi, sela*.

293 Epi m te di: "Ebyen, uh, uh, uh," m te di: "M pa konnen." M di: "M te konprann lapèch. Kounye a," m di: "kounye a, premye bagay ou fè... Men fason sa fèt. Nou wè tout pwason an nan viwonn lan; nou dwe rale apa a briksoukou." Ebyen, se egzakteman taktik lapèch yo. Kidonk m te di: "Rale apa a briksoukou. Kounye a, nou wè, lè m te rale apa a briksoukou, premye fwa an, kounye a pwason an pati dèyè I." Men yo te tipiti yo. E se jis tankou yo t ap atrap.

294 Kidonk apresa m-m te di: "Apresa nou pral-nou pral mete..." Epi m te rale I soti, sou rivaj la. Epi m te g on pwason, men li te sanble tankou yon po sou apa a, li te jis...li te sitèlman piti.

295 Epi apre m te kanpe la a, epi On Bagay te di: "M te di w pa fè sal!"

296 M te kòmanse ap kriye. Tout liy lan te mele nan viwonn mwen, kon sa. Epi m te...te kanpe la a, ap kriye, ak tèt mwen anba kon sa. M te di: "Bondye! O, mwen...Padone m! M-m s on moun estipid. Seyè, pa...Padone m." Epi m-m te gen liy sa a.

297 Epi sa a, sa m te gen nan men m, se t on ti soulye bebe, apeprè long *konsa*. Epi m te gen fisèl sa a, te apeprè gwo tankou dwèt mwen, apeprè yon demi pou, konsa. Epi twou lasèt nan soulye sa a te jis apeprè gwosè yon...pi piti pase on-on onsèzyèm pou, petèt, nan twou lasèt la. Epi m t ap eseye lase ti soulye sa a, ak gran gwo kòd on pou sa a. Huh!

298 Yon Vwa vini, te di: "Ou pa ka anseye bebe Pannkotis bagay sinatirèl." Te di: "Kounye a, kite yo!"

299 Epi jis lè sa a Li te pran m monte. Li te pran m monte, epi fè m chita anwo nèt, nan kote yon reyinyon t ap fèt. Te sanble tankou on tant oswa yon sòt de katedral. Epi m te gade, epi te g on ti bwat, tankou on ti plas la a sou kote a. Epi m te wè Limyè sa a k ap pale ak yon moun, anlè mwen, Limyè sa ke nou wè la a sou foto an. Li te fè toubiyou ale lwen mwen, kon sa, epi t al sou tèt tant sa a. Epi te di: "M ap rankontre avè w la a." Epi di: "Sa pral Twazyèm Poul lan, epi w pap di pèsòn Sa."

E nan Sabino Canyon lan, Li te di: "Sa se Twazyèm Poul lan."

300 E gen twa gran bagay k al avè L. E youn te dewoule jodi a...oswa yè; lòt la te dewoule jodi a; epi gen yon bagay ke m pa ka entèprete, paske li nan yon lang enkoni. Men m kanpe la a menm epi m te gade L tou dwat. E sa se Twazyèm Poul lan k ap vini. [Frè Branham frape sou lestrad la twa fwa—Editè a.] Epi Sentespri Bondye a...O la la!

Se pou rezon sa a tout Syèl la te an silans.

301 Kounye a, pito m-m kanpe isi a menm, ou wè. M jis-m jis santi y ap tcheke m, pou m pa di anyen anplis sou Li. Ou wè?

302 Kidonk, jis sonje, Setyèm So an, rezon Li pat louvri. [Frè Branham frape sou lestrad la sis fwa—Editè a.] Ou wè, rezon Li pat revele L, pèsòn pa ta dwe konnen sou Sa.

303 E m vle nou konnen, anvan m te janm konn okenn Pawòl sou Sa, vizyon sa a vini sa fè dè zane. Nou sonje sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] E men Li, jis menm jan lòt sa te fèt, glise tou dwat nan Pawòl lan egzakteman kote L te ye. [Frè Branham frape sou lestrad la de fwa—Editè a.] Epi Bondye konn kè m, m pat janm yon sèl fwa panse a yon bagay kon Sa, e men L te isi a. Li pi ta pase n panse. En-en. O la la!

304 Sa montre Sa sot nan Bondye, paske, ou wè, Li ajiste egzakteman nan pwomès Bondye yo, depi nan fen Mesaj la-la. Nou remake. Remake kounye a, pou Mesaj fen tan an, So sa a. Aprè tou, Li-Li te revele tout sis So yo, men Li pa di anyen sou Setyèm lan. E So tan lafen an, lè L kòmanse, Li pral absoliman yon sekrè total, selon Bib lan, anvan m konn Sa. E sonje, Apokalips 10:1-7, 1 rive 7, chapit 10: 1 rive 7: "Nan fen Mesaj setyèm anj lan, tout mistè Bondye yo ta pral konnen." Nou nan tan lafen an, ouvèti Setyèm So an.

305 Kounye a, kijan m te fè konnen? Lòt jou an, dimanch pase, sa f on semèn de sa jodi a, lè m tap preche sou "Se pou n enb! Se pou n enb! Sonje, Bondye trete nan bagay piti." M pat reyalize de kisa I te vrèman ap pale. E kounye m wè I. Li sitèlman nan on fason enb! Nou ta panse ke yon bagay kon sa tap revele bay Vatikan an oswa...Men Li vin jis tankou Jan Batis. Li vin tankou nesans Seyè nou an, nan yon letab. Glwa pou Bondye! Kidonk ede m, lè a toupre! Amèn! Nou isi a. O la la!

306 Kounye a èske n wè I, Verite vizyon Bondye a, sèt Zanj yo k ap mennen m sot nan Iwès? Yo t ap soti nan Iwès, retounen nan lès, mennen isi a pou Mesaj sa a aswè an. [Frè Branham frape sou lestrad de fwa—Editè a.] O la la!

307 Kounye a, Vwa gran tonè sa a, ak misyon ki te pote isi a, te revele, ke Se...e pwouve ke Se te de Bondye. Jis panse kounye a. M pat konn So sa yo, e yo te revele semèn sa a.

Èske g on moun ki panse a sa, de sèt Zanj sa yo ki se Sa a, ki se Mesaj ki t ap vini an, Zanj sa yo k ap mennen m tounen isi a pou Sa? Ou wè?

308 Sonje, setyèm Mesaje a te...Sèt Mesaje yo te...Sila m te byen remake a, setyèm Zanj lan, Li te parèt plis pou mwen pase nenpòt. Kounye a, ou wè, yo te kanpe kon sa. Kounye a, nou jis vle nou remake. E m te kanpe *isi a*, epi m tap gade lòt sa yo...

309 Ou wè, youn, premye gwoup lan, de ti zwazo, tout plim yo bat anba. Nou sonje yo? Epi yo tout te vole nan direksyon lès. Epi dezyèm gwoup lan, te dè zwazo pi klere, pi gwo, te sanble tankou kolom, zèl pwenti. Yo te vole nan direksyon lès. Premye Poul, Dezyèm Poul, apresa pwochen an se te Zanj. Epi kòm...

310 M te kanpe la a menm, epi eksplozyon sa te pati. Epi m tap gade nan direksyon *sa a*, nan direksyon Iwès, epi Yo vini epi te jis pran m monte, anndan La a. M te pèdi konesans mwen nèt. Epi youn nan Yo, k ap vini an, se te Sila a ki te sanble L sitèlman etranj pou mwen, se te Sila sou m...Tap sou bò goch, kote m t antre nan konstelasyon an. Men nan konte sot agòch rive adwat, sa tap setyèm Zanj lan, ou wè, vin anfas. Kounye a, sonje, sèt Mesaje yo.

311 Èske n sonje piramid Wòch blan an, de rèv Junior Jackson lan ke m te entèprete pou nou? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Ou wè? Remake, nwit mwen te kite an, epi m...Te gen si rèv ki te vini, epi chak nan yo dirèk nan menm bagay la. Apresa vizyon an te kòmanse, epi te voye m nan Iwès. Epi, Junior, li tap gade pandan...Remake. Gade kijan sa pafè!

312 Kounye a, m ap-m ap espere epi gen konfyans ke noumenm moun yo nou reyalize ke m ap eseye mete gras sa a sou Jezikri, Ki se Otè tout Sa. Epi sèl rezon nou pat janm tande m pale kon sa anvan, nan vi m, men lè sa a ap pwoche. Ou wè? Ou wè? Remake.

313 Kounye a pou fè sa a sèten, pou nou, konsa I ka antre nan fon. M ap pare pou m kite nou ankò. M konn kote m prale. M dwe preche Levanjil la lòt kote. Men kounye a, ke...

314 Nou ta ka di: "M te tande tout kalite fanatic sa a." M pa konn kisa; m pa ka jije okenn lòt moun.

315 M sèlman dwe reponn bay Bondye pou sa mwen...pou-pou tèt mwen. Men èske te janm g on sèl fwa m te janm di nou on bagay nan Non Seyè a, ki pat vre, nan tout ane sa yo? [Asanble di: "Non."—Editè a.] Pyès lòt moun pa ka di sa, paske m te toujou di sa jis fason Li te di I.

316 Kounye a kite m jis montre nou ke sa se egzakteman vre, epi konfime I.

317 Kounye sonje: "Si g on moun espirityèl oswa yon pwofèt, Mwenmen Seyè a pral pale avè I nan vizyon, epi fè I konnen pa rèv." Entèprete rèv, se sa. Joseph, li te ka entèprete rèv, epi pale epi-epi wè vizyon. Èske se vre? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

318 Kounye a remake sa. Ke, kounye a, lè sa te rive, Junior te kanpe nan yon chan ki te g on-te g on gwo pyramid nan li, kon sa. Epi te g on bagay ki te ekri sou wòch yo, epi m t ap revele Sa bay moun yo. Èske se vre, Junior? [Frè Junior Jackson di: "Se vre."—Editè a.] Apeprè yon ane anvan sa te pase.

319 Epi remake pwochen bagay la kounye a. M te pran yon jan de ba epi m te koupe L, epi sou andedan I se te Wòch blan ki pat g anyen ekri sou Li. Epi, nan moman sa a, m te kòmanse nan Iwès. Epi m te di yo tout, m te di: "Pa al nan Iwès. Ret isi a epi gade sou Sa a jouk m retounen." T al nan Iwès, pou eksplozyon an; te retounen nan lès, ak Sentespri an ap entèprete Pawòl sa a ki pat ekri an. Kounye a, si sa pa Bondye Toupwisan an pafètman, m vle nou konnen sa sa ye.

320 Pou kisa m ap eseye di sa, zanmi? Se pou montre nou nou nan tan lafen an. Kounye a, si lòt sa yo pafètman an akò ak Pawòl lan, se konsa Sa a pafètman an akò ak Pawòl lan! Nou isi a. Nou nan fen an, zanmi.

321 Byento se pral "pa gen tan ankò." Dè milyon pral pèdi lavi yo. Dè milyon pral, ki kounye a kwè ke yo sove, pral konte tankou vyann pou kanon/chè a kanon pou laj atomik la. N ap viv nan dènye lè a. Pa gras Bondye Toupwisan an, pa èd Li bay pèp Li, ke yo te ka tann ak enpasyans aparisyon Kris la ki pou byento! "Konbyen tan, Frè Branham?" Petèt ventan; petèt nan senkantan; petèt nan santan. M pa konnen. E petèt nan demen maten; petèt aswè a ankò. M pa konnen. E nenpòt ki di yo konnen, yo nan lerè. Ou wè? Yo pa konnen. Bondye, sèlman, konnen.

322 Kounye a remake. Kifè ede m, pa Bondye, m di Laverite, ke Sa yo disènè nan lespri pou mwen, disènè pa Sentespri an. E, pa chak nan Yo, te identife plas Li nan Bib lan.

323 Kounye a, kisa gran sekrè sa a ye ki lonje anba So sa a, m pa konnen. M pa konnen I. M pat ka kapte I. M pat ka di L, jis sa L—jis sa L te di, men m konnen ke Se te Sèt Tonè sa yo ki tap eksprime tèt yo toupre la a ansanm, jis ap frape sèt fwa diferan. Epi Sa te dewoule nan yon lòt bagay ke m te wè. Apresa, lè m te wè Sa, m te chache entèpretasyon an. Li te janbe vole la a, epi m pat ka kapte L. Se egzakteman vre. Ou wè? Lè a pokò vrèman la/rive pou Li.

324 Men, L ap bouje nan sik sa a, ou wè. L ap pwoche. Kidonk, bagay nou dwe fè se sonje ke m pale avè nou nan Non Seyè a. Se pou n pare, paske nou pa konnen ki lè yon bagay ka rive.

325 Kounye a, lè sa pral sou kasèt, ke se Sa I ye, sa pral petèt voye dimil nan zanmi m yo lwen mwen. Paske, yo pral di, ke: "Frè Branham ap eseye mete tèt li, epi fè tèt li, yon-yon sèvitè oswa yon pwofèt, oswa yon bagay, devan Bondye." Kite m di nou, frè m yo, sa s on lerè.

326 M sèlman ap di nou kisa m te wè epi kisa yo te di m. E kounye a nou-nou fè kèlkeswa sa n vle. M pa konn kimoun ki pral...kisa k pral pase. M pa konnen. M jis konnen ke Sèt Tonè sa yo kenbe mistè sa a. Syèl la te an silans. Tout moun konprann? [Asanble di: "Amèn."— Editè a.] Se ka petèt moman, se ka petèt lè a kounye a, ke gwo moun sa a ke n ap tann pou leve sou sèn lan ka parèt/leve sou sèn lan.

327 Petèt ministè sa a, ke m te eseye fè moun yo tounen nan Pawòl la, te poze yon fondasyon; epi si sa te fèt, m ap kite nou, pou tout bon. Pap gen de nan nou isi a an menm tan. Ou wè? Si se sa, l ap monte; m ap desann. M pa konnen.

328 Men Bondye te ban m avantaj pou gade epi wè sa L te ye, ou wè, wè L ki dewoule nan pwen sa a. Kounye a, sa se Laverite.

329 E m sèten ke n te remake bagay ki tap pase semèn sa a. M sèten nou te remake ti gason Collins sa a lonje la a, ap mouri, lòt jou swa a; tifi ak lessemi sa a.

330 Wayòm Bondye an ap vini. E L ap vin plis sot nan negatif al nan pozitif, jan I te ye a. Kounye a, sa pa ta dwe kwoke nan kou moun yo. Sot nan jistifikasyon, al nan sanktifikasyon, al nan batèm Sentespri a, epi apresa *isi a, isi a*. Ou wè? Nou jis al/rale pi pre Bondye, tout tan.

331 Èske n pa ka wè, minis Metodis, kijan mesaj sanktifikasyon nou an te pi wo pase sa ke Luther te preche a?

332 Noumenm Pannkotis, èske n pa wè mesaj nou an de batèm lan depase sa ke Metodis yo te preche? Nou konn sa m vle di?

333 O, nou te gen anpil bagay ki soti! E se vre. Epi si gen nenpòt moun ki meprize/pa vle wè sa ki mal, epi moun ap di yon bagay ki se mantan reyalite epi se pa Laverite, m rayi sa.

334 Men mwen-m renmen Verite tout bon an, sa pa enpòtan nan ki pwen Sa deranje fason sa a oswa fason sa a. Si Se Laverite, alafen, Bondye pral montre L kòm Laverite. E si L pa fè sa, youn nan jou sa yo byento, alò vizyon m pat vre. Kounye a nou wè kote m te jis lonje tèt mwen.

335 "Kilè l ap ye, Frè Branham?" M pa ka di nou. M pa konnen.

336 Men, youn nan jou sa yo, si nou janm rankontre ankò sou tè sa a, n ap rankontre lòtbò a nan-nan fotèy jijman Kris la. E n ap dekouvri, ke, nan sal sa a, revelasyon ki sot nan Bondye a, jis tankou tout rès ladan yo te ye, ke Sa yo...Youn nan mistè So sa a, rezon Li pat revele, Se te Sèt Tonè yo ki te fè vwa Yo soti. E men Li, pafètman. Paske, pa g anyen ki konn anyen sou Li. Li pat menm ekri. Kidonk, nou nan tan lafen an. Nou isi a. M di Bondye mèsi pou Pawòl Li.

337 M di L mèsi pou Jezikri. Paske, si L pat voye Li pou pwopisiyason peche nou yo, nou tout tap nan yon gwo labou peche, san lespwa. Men, pa gras Li, San Li-Li netwaye tout peche. Jis tankou gout lank lan nan yon bokit Klowòks, nou pa tap janm jwenn lank lan ankò. Lè peche nou yo konfese, li mete nan San Jezikri; yo pap janm konnen yo ankò. Bondye blye yo; yo pat janm menm fèt. E tank Sakrifis sa a lonje la a nan yon ekspiyasyon pou nou, alò se tout. Se sa, ou wè. Nou-nou pa pechè ankò. Nou se Kretyen, pa gras Bondye a. Sonje, nan pwòp tèt nou petèt nou tap jis pa bon otan ke nou te janm ye. Men, ou wè, gras Bondye an te parèt ban nou, epi se sa k te fè nou sa n ye jodi a, frè ak sè Kretyen.

338 Sa te yon semèn ektraòdinè pou mwen. M fatige. Lespri m fatige. Paske mwen-m gen...ak sa k pi bon ke m te ka fè. E yon bagay etranj ap pase, chak jou. M tap sezi; pou mache nan sal la, epi pou m la a pandan kèk minit, epi wè Yon Bagay ki jis fè m vire tounen nèt.

339 Epi, isi a, m ta pral anndan la a epi pran nòt yo. M tap pran liv Dr Smith yo, Uriah Smith, epi, o, tout ekriven yo-yo ak tout bagay, epi li andedan, li andedan liv yo. M di: "Kounye a men Sizyèm So a. Men Katryèm So an. Kounye a kisa nonm sa a di? Li tap di: 'Ebyen, Se te sesi, sela, oswa lòt la.'" M tap gade bò isi a epi pran yon lòt nonm. Li te di Se te *tèl tèl bagay*. Epi sa te sanble tankou m jis...Li jis pat mache byen. Ou wè?

340 Apresa m te panse: "Ebyen, kisa L ye, Seyè?" Epi m tap mache monte desann sou planche a pandan on moman. M tap met ajenou epi priye. Retounen epi pran Bib lan; chita, li. Mache ale vini.

341 Apresa, toudenkou, lè m vin an silans, men L te jis dewoule kon sa. Apresa m te pran yon plim byen rapid, epi al ekri L kon sa, kèlkeswa sa m te wè a epi ap fè a. Ap gade L, kon sa, jouk m te genyen L ki ekri.

342 Apresa m tap pran, rès jounen an, epi desann epi trase Sa a, epi wè si L te tache desann ale nèt nan Lèzekriti. Apresa: "Pwouve tout bagay." Ou wè? M gen Sa isi a.

343 Epi m panse: "Kounye a, gen anpil moun ki te gen vizyon. Gen anpil ki te nan revelasyon yo." Si sa kontrè ak Pawòl la, kite I; se vre, kite I.

344 Kounye a, kounye a, apresa m tap desann analize Sa menm kon sa, desann analize I kon sa. M tap note dè ti bagay isi a. M te panse: "Ebyen, kounye a, klas la pral kontan tande sa, paske I tache *isi a* epi I tache *isi a*. Kounye a, ann wè, kisa sa di *isi a?* Wi. Epi, ya, men li, *isi a* menm." Ou wè?

345 Epi mennen L tounen nan Bib la, epi tache bagay la, nan semèn lan. Men L la a, sou kasèt. Nou byenvini pou n genyen yo. Epi m te fè I selon pi bon konesans mwen, anba fraternité Kretyen, gras Bondye, pou tou lèzòm, pa Jezikri. M te fè sa k pi bon m te konnen pou m fè.

346 Nou te youn nan pi bon odyans yo. Pa gen moun ki te ka chita pi byen. Nou tout vini isi a, a inè nan apremidi, jiska senk è, a chak fwa yo louvri legliz la e yo pote... yo kite moun yo antre. Nou rete nan fredi a; nou chita nan nèj la; nou fè tout bagay; nou rete kanpe kont mi yo, jiskaske janm nou fè nou mal. M wè mesye yo ki te chita, ki kite medam yo chita, e diferan moun ki te kanpe, konsa, chita tout kote. M te panse: "Seyè, tout..."

347 Sa a te on semèn misterye. Tout bagay la te on ti jan etranj, jan, lè moun yo vini, ou wè yo kanpe deyò a, nan fenèt yo, nan pòt yo, dèyè a, tout kote, ap tande. Epi antan ke oratè, m trè lwen pou m on oratè. Mwen-m gen ase entèlijans, pou m konnen ke mwen pa, m pa on oratè. Men poukisa moun yo ta chita la a epi koute konsa? Poukisa yo ta fè I? Yo pa vin pou tande on moun tankou m. Men yo vini paske gon Bagay la a, ki atire on pèp. Se vre. Wè? Gon Bagay la a, ki atire yo.

348 Kòm madamm mwen te kanpe isi a sou platfòm lan epi ap chante, lè m te kòmanse:

Yo soti nan Lès ak Lwès,

Yo soti nan peyi lwen,

Pou fete ak Wa a, pou manje kòm envite L;

Ala pèlren sa yo beni!

Ap kontample figi L ki sakre

Klere ak yon Limyè Diven;

Patisipan gras Li,

Kòm bijou nan kouwòn Li pou briye.

349 Toujou gade sa nan lespri nou, "Pou son bijou nan kouwòn Jezikri a." Pòl di Legliz la: "Nou se-nou se bijou, bijou Kouwòn Li." Nou vle bijou Kouwòn Jezikri.

350 Nou pa janm vle mete on nom ladann. Bliye tout bagay sou mwen. M se frè nou, on pechè ki sove pa gras, ki pa diy pou viv. Sa se bon verite a. M pa di sa pou m enb; sa se reyalite. Pa genyen nan mwen, anyen menm ki gen valè.

351 Men se gras Bondye ki pèmèt je pòv mwen ki sonb pou gade pi lwen pase rido tan an e wè bagay sa yo la a, epi m tounen.

352 Lè m te on ti gason, m te renmen moun. M te toujou vle on moun ki ta renmen m e ki ta pale avè m. Pèsonn te vle fè l, poutèt non fanmi an. Pèsonn te vle pale avè m.

353 Men lè m abandone m a Bondye, alò... Orijin fanmi nou, etan Ilandè, m te panse: "Petèt... Yo tout te Katolik, e petèt ke sa ta Sa." M ale *lòt bò a*, e L te on jan. Epi m ale nan Premye Legliz Batis, e L te on lòt jan.

M di: "Seyè, fòk gon chemen ki vre."

E on Bagay di: "Se Pawòl la."

M rete ak Pawòl sa a. Gade tout vizyon, toupatou.

354 Jou m te mete pyè angilè sa la a, lè m mete l la, m te ekri sa L te montre m, maten sa a nan on vizyon. "Ensiste nan tout okazyon, favorab ou non; reprimande ak tolerans e Doktrin. Paske pral vin gon lè kote yo pap ka andire son Doktrin; men selon pwòp dezi yo, yap bay tèt yo kòm doktè, zòrèy yo ap grate; yap detounen de Verite a, pou tounen nan fab." E mwen wè de pyebwa sa yo, kote m te kanpe, kap fè menm bagay sa a. Se vre. E men nou. E sa se vre. E, kounye a, ou pap...

355 Sonje. Kite m egzòte nou ankò. Pa di: "Mèsi," a pyès moun. Pa di, pa panse ke on predikatè oswa on bagay, on òm mòtèl; pa genyen ki bon nan li. Paske, pa genyen. M pa bezwen konnen kiyès li ye. Pa genyen ki bon nan okenn moun. Se vre.

356 Si te gon parèt twonpèt ki te poze la a, e ke youn nan yo ta dwe jwe on mizik kèlkonk, se nomm lan... Twonpèt sa yo pap jwe ditou. Se moun lan ki ka jwe twonpèt la, ki konn kisa l pral fè, lè l pran twonpèt la. Twonpèt la pa responsab. Son an soti de on entèlijans ki dèyè li. Se vre. Alò, tout twonpèt se menm.

357 Tout moun se menm. Tout Kretyen se menm. Pa gen gran òm nan mitan nou. Nou pa de gran òm, oswa gran fanm. Nou tout se frè ak sè, tout se menm, nan menm kategori a. Nou pa "gran." Youn pa ka fè tèt li pi gran pase on lòt, nou pa genyen pou wè ladann. Non, msye. Men nou tout, se jis èt imen nou ye.

358 Pa eseye entèprete bagay yo. Pa eseye fè anyen plis ke viv on vi pwòch, ap bay lwanj ak onè pou Jezikri. Tout moun konprann sa kounye a? [Kongregasyon an di : “Amen.”-Ed.] Renmen L ak tout kè nou. Èske nou fè li? [“Amen.”]

Mwen renmen L, (E map fè li!), mwen renmen L

Paske Li renmen m an premye

E rachte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

359 Glwa pou Bondye! Èske tout moun byen konprann? [Kongregasyon an di: “Amen.”-Ed.] Èske tout moun kwè? [“Amen.”] Sonje lè m te kòmanse, “Kiyès ki te kwè sa nou te anonse? A kiyès bra Seyè a revele?” Èske Li revele w mizèrikòd Li, bonte Li? [“Amen.”] Amen. Jis sonje, renmen L ak tout kè nou.

360 Map tounen lakay kounye a. M ap retounen isit la ankò, si Seyè a vle, alantou premye Jen an.

361 Petèt, si Seyè a mete sa sou kè m, petèt nan kòmansman ete sa a, tankou Jen konsa, petèt kòmansman otòn, si Seyè a tade, m ta renmen tounen e konsakre sèt lòt aswè, pou Sèt dènye Twonpèt yo. Èske nou ta renmen sa? Èske nou ta renmen l? [Kongregasyon an di: “Amen.”-Ed.] Èske nap lapriyè pou mwen, pou Bondye ede m? [“Amen.”] Ok.

362 Jiskaske m wè nou ankò, sonje bon vye chante sa a:

Mwen renmen L, mwen renmen L

Pasek Li renmen m an premye

E rachte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

363 Kounye a mwen vle nou bese tèt nou. M vle priye pou nou. Anvan pastè a fini sèvis la, m vle priye pou nou.

364 Papa nou ki nan Syèl la, se pou moun yo konprann, Seyè. E mwen si ke gen kèk ki pa konprann. Men, Papa, se pou yo-yo konn objektif la. E se pou yo konprann, Papa, ke-ke se gras Ou anvè yo kifè ke bagay sa yo revele. E m vle remèsyé W, Seyè, pou konesans bagay sa yo ke W konnen, ke Ou revele nou.

365 E m priye pou tout moun ki isi a, tout moun ki te asiste reyinyon yo. Si gen kèk ki pa kwè, pèmèt yo vin de kwayan, Seyè.

366 M priye pou tout sa yo ki pral tandé Mesaj yo sou kasèt. E si Sa tonbe nan kay yo epi nan plas kote anpil enkwayan pap dakò, m konnen sa ap rive, san mank; Papa, m priye pou chak, ke anvan yo di de pawòl blasfematwa, pou yo chita premyèman epi sonde Ekriti yo sou sa ki te di, epi apresa pou yo di W ke yo reyèlman sensè e ke yo vle konnen si se Verite ou non. E m priye pou yo, Papa.

367 E m priye pou moun sa yo ki te rete kanpe kont mi sa yo, ki te rete deyò, ki te chita nan machin yo, pou timoun piti yo, e pou tout sa yo ki te vini. E pou yo tout nèt, Seyè, m priye pou yo.

368 E m priye ke priyè m yo pral egzose, ke Ou pral beni yo. Premyèman, Seyè, ba yo tout Lavi Etènèl. M priye ke pap gen youn nan yo kap pèdi, pa yon gress.

369 E kounye a, Papa, nou pa konn ki lè gran evènman sa pral fèt. Men lè nou wè siy sa yo kap parèt, epi Ekriti kap reyalize, sa a chofe kè nou anpil. E m priye, Papa Bondye, ke Ou pral ede nou.

370 M priye ke Ou pral ede pastè byeneme nou, Frè Nevil. Ranpli I, Seyè, ak gras e pwisans, e ba li konpreyansyon, pou I ka pran Manje sa a ki konsève pou I nouri ayo Bondye yo.

371 Seyè, m priye ke Ou pral kenbe maladi an lwen nou. Pèmèt sa a reyalize, ke lè moun yo vin malad, ke yo sonje San Seyè Jezi ki prezan an e ki sifizan, li depoze sou lotèl la, kòm ekspiyasyon. E m priye ke yap geri imedyatman.

372 E m priye ke Wap kenbe pwisans Satan an lwen yo, ki ta dekouraje yo, ou ki ta eseye fè yo monte de kilt. Oswa, jis kenbe tout pwisans lènmi an lwen yo, Seyè. Sanktifye nou nan Pawòl Ou, Akòde I, Seyè.

373 Epi, Seyè, m priye pou W ka ede m. Mwen-mwen-mwen kòmanse ap bese, Seyè. M konnen ke jounen m yo pa ret anpil. E m priye ke Wap ede m, pèmèt ke m fidèl, Seyè, epi onèt epi sensè, pou m kapab pote Mesaj la osi lwen ke yo mande m. E lè sa pral rive pou m repoze, e pou m desann nan Riviè a, e ke vag yo kòmanse antre, Oh Bondye, pèmèt ke m ka remèt vye Nepe sa a bay on lòt moun kap onèt avè L, Seyè, e kap pote Verite a. Akòde I, Seyè. Epi, disi la, ede m pou m fò epi an sante, epi pou m gen kouraj.

374 Ede egliz mwen. Beni nou tout ansann, Seyè. Nou se pa W. Nou santi kounye a ke Lespri W nan mitan nou. Nou kwè ke Ou pral reponn a priyè nou. Paske nou remèt nou a Ou,

avèk Pawòl Ou, pou sèvi W pou rès vi nou sou latè sa a, nan Non Fis Bondye, Jezikri, Sovè byeneme nou, pou glwa Li. Amen.

Mwen... (Ke Bondye beni w!)...Mwen renmen L, (ak tout kè mwen),

Paske Li renmen m an premye.

375 Ke Bondye beni w, Frè Nevil...?... Rete nan pòs travay la...?...

### SETYÈM SO A KONTINYE

376 [Nou fèk fin tandem anrejistremman inisyal Setyèm So a jan I te preche an antye nan Dimanch swa, 24 Mas, 1963 nan Branham Tabènak la nan Jeffersonville, Indiana. Frè Branham pat vle mete deyò anrejistremman inisyal la. Le landemen, Lendi 25 Mas 1963, Frè Branham ale nan chanm motèl Frè Fred Sothmann e Frè James Maguire ki te responsab pwodwi kasèt yo epòk sa a. Frè Branham di frè sa yo: "M pa vle mesaj sa a deyò jan I ye a." Aprè ke I te tandem kasèt la li menm, li te di frè yo pou yo kanpe anrejistremman an on kote, epi la a (nan kòmansman paragraj 261), li anrejistre on nouvo pòsyon ki dire apeprè ven minit (paragraf 377-415). Nouvo pòsyon sa a te ranplase fen orijinal la (paragraf 261-375). Anrejistremman sa a, se te sèl vèsyon "Setyèm So" a ki te deyò jiska 1966. Aprè Frè Branham te ale, manm konsèy administrasyon Asosyasyon Evanjelizasyon William Branham te dakò pou yo te emèt kasèt ki te anrejistre nan Branham Tabènak la. Depi lè sa a, tou de vèsyon te disponib. Nou te mete pòsyon adisyonèl mesaj Frè Branham sa a sou menm kasèt, ak "Setyèm So" orijinal la. Pwochèn vwa ou pral tandem se Frè Branham nan chanm motèl la, nan Lendi 25 Mas 1963-Ed.]

377 Sa ap on bon bagay ke li pa konn anyen sou Li. Paske, si I te konnen, lè sa a li tap imite L. Se fason pa I pou I fè bagay yo.

378 Se poutèt sa, Bondye tèlman byen kache Sa a nan lemonn antye, e menm nan Syèl la, ke pa gen okenn mwayen pou konprann Li, sof si Bondye vle revele L, Li menm.

379 Kounye a m vle nou remake, aswè a, ke nan Sizyèm So a, te gen-gen twa objektif nan Sizyèm So a.

Te gen twa objektif pou kavalye yo.

380 Vin gen twa objektif nan tout bagay sa yo. Sa fè nou tounen a twa. Epi on sèt, ankò, wè, Sèt So, Sèt Koup, e ensidswit. Kounye a, chif twa ak sèt, se chif matematik Bondye lè Li revele Pawòl Li.

381 Kounye a nou remake, pa egzanp kavalye yo-yo-yo, la a, te gen twa chwal ki te soti. Youn nan yo te blan, youn te wouj, youn te nwa. E apresa, katriyèm chwal la, eben, yo tout te melanje ansanm. Wè, twa objektif.

382 Kounye a, Bondye te fè menm bagay la. Bondye te fè menm bagay lè L te voye lyon Li, ki te Pawòl Li, pou konbat antikris la.

383 Apresa nou wè ke L te voye bèf la nan peryòd tribilasyon an-an, bèf sakrifis la. E nan peryòd tribilasyon sa a, se tout sa moun yo te ka fè, se te jis travay, bourike, epi ofri tèt yo pou sakrifis.

384 Apresa nou wè, nan pwochen aj la, ki te aj refòmatè yo, Bondye te voye sajès lèzòm, on èt vivan ki gen tèt on moun, ki te pouvwa ki te soti nan refòmatè yo.

385 Kounye a èske nou remake? Tout... Li pa etonan ke moun epòk jodia toujou ap viv nan le pase, jan I te ye nan laj refòmatè yo, paske yo jis wè l ak on-on je eklezyastik. Yo wè l fason seminè yo te anseye l. Se te fason Bondye on epòk, men nou pase epòk sa a.

386 Kounye a nou nan laj èg la, revelasyon an dwe revele an antye. Kounye a konpare sa ak Apokalips chapit 10, vèsè 1 a 7. Epi nap wè la a nan Apokalips, la a nan Apokalips 10:1 a 7, ke: "Men lè setièm zanj lan va pran kènen klewon l' lan, Bondye pral fè sa li gen pou l' fè dapre plan travay li te kenbe sere nan tèt li a".

387 Kounye a nou wè, tou, la a, ke Sizyèm So sa a, ki louvri kounye a, li te gen twa objektif. Kounye a, men sa objektif yo te ye.

388 Premye bagay la, se te ke vyèj andòmi a te dwe pase pa peryòd Tribilasyon an pou l te pirifye. Li te dwe pirifye de peche li, enkredilite li e poutèt li te rejte Mesaj la. Sa te fèt nan peryòd Tribilasyon an. Nou wè ke yo retrouve yo isi a nan Apokalips 7, ant chapit 6 e chapit 7 la a, kote li te pirifye epi l te resevwa rad li. Sepandan, se pa li ki Epouz la. Men se legliz la, moun pi ki-ki-ki petèt, pat gen opòtinite resevwa Mesaj la, oswa nan yon sans, paske yo te avegle pa fo pwofèt sa yo. Epi yo-yo pat gen chans, men poutan yo trè sensè nan kè yo. E Bondye konn kè yo. E se la a ke yo pirifye, nan peryòd sa a.

389 Nou remake li, gon lòt peryòd pirifikasyon, sa se pou Izrayèl, lè li pral rasanble. Sa se dezyèm objektif la. Bondye ap pirifye Izrayèl pandan peryòd Tribilasyon an. Pami milyon moun ki pral rasanble la a, ap gen san karant-kat mil ki pral chwazi, e yo menm tou, yap pirifye. Bondye ap pirifye Izrayèl.

390 Remake, tout tè a pral pirifye. On bagay pral rive ki pral fè ke lalin, zetwal yo e tout nati a pral pirifye. Nou wè sa l ye? Se tè a kap renouvel tèt li, kap pirifye, kap pare pou Milenyòm lan. Milenyòm lan ap vini. E, nou wè, tout bagay ki gen salte dwe pirifye pandan Sizyèm So a.

391 Bon, kounye a, èske nou remake? Nan ouvèti Setyèm So sa a, nou gen twa mistè tou. Youn, mwen...m pral pale e mwen te pale, se mistè Sèt Tonè yo. Sèt Tonè yo nan Syèl la pral devwale mistè sa a. Se pral egzakteman nan moman Kris pral Vini an, paske Kris te di pèsonn ap konnen ki lè Li pral retounen.

392 Èske nou remake, lè Jwif yo poze L kesyon an? Konnen... Lè nou konpare Ekriti a isi a nan Matye 24, avèk sis So yo, Setyèm So a pat mansyone. Paske, nou wè, Kris te di: "Sèl Bondye Li menm te konnen; pa menm Anj yo." Pa etonan, li pat menm ekri. Nou wè, yo te ret an silans; anyen pat pase lè sa a. Zanj yo pa konnen L. Pèsonn konnen ki lè Lap vini.

393 Men ap gen-ap gen Sèt Vwa, Tonè sa yo, ki pral revele gwo revelsayon an moman sa a. Alò, m kwè, nou menm ki... Si nou pa konnen L, e si nou... Li pap divilge anvan moman sa a. Men li pral revele jou sa a, nan lè ke l sipoze revele. Alò, sa pou nou fè, se pou nou gen respè devan Bondye, epi sèvi L, epi fè tout sa nou kapab, epi viv on bon vi Kretyen. La a, kounye a, nou wè ke Sizyèm So a louvri pou nou; nou wè L. E nou konnen ke Sizyèm So sa a pa ka devwale bay publik la anvan ke lè sa a rive.

394 Kounye a, gon rezon ki fè ke Bondye kite Sèt Vwa sa yo tone. Paske, Li dwe vini, wè. Nou wè ke Kris, Ayo a, pran Liv la-la nan men L, e Li louvri Setyèm So sa a. Men, nou wè, son mistè ki kache. Pa gen moun ki konnen L. Men, Li-Li ale nan sans de sa L te di: "Pèsonn ap konnen lè Lap Vini." Yo pap konnen mistè Sèt Tonè sa a yo tou. Alò, nou wè, li konekte ansam.

395 Nou konprann on pati nan Sa jodi a, paske tout rès la devwale; men sa a pa devwale. Sèlman, lè m te chita nan biwo m, mwen tandem... ou pito, mwen pa tandem, men mwen wè L ki devwale jiska Sèt Tonè yo. Kounye a, nou pa ka ale pi lwen pase sa a, la a.

396 E kounye a, m espere ke nou chak pral sèvi Bondye e pral fè sa ki bon. Epi renmen Li, tout vi nou, epi sèvi L. E Bondye pral okipe rès la.

397 Bon, nou konplete isi a kounye a, pa gras Bondye, tout mistè sis So yo ki te sele, e nou konprann e nou konnen la a, ke publik la pa dwe konnen Setyèm So a.

398 Konsa, Vini Li, lè Lap Vini, lè destriksyon latè a, nou konnen. Li te di la a: "Ki sa siy la pral ye, lè fen mond lan ap vini?" Nan Matye 24, la a, lè yo poze L kesyon sa a. Li kontinye jiske la a. Li pale de Izrayèl kap rasanble kòm on nasyon, nan vèsè 31, nan Matye 24:31. Men

apresa, Li antre nan parabòl, wè. Konsa nou wè... "Aprann parabòl pye fig la. Lè nou wè I kap soti boujon li, eben, nou konnen ke prentan an toupre. Menm jan, lè nou wè sa a rive, lè sa a, konnen ke tan an toupre." Nou wè, Izrayèl kap rasanble nan pwòp peyi li. Men, nou remake, Li pa mansyone revelasyon Setyèm So sa a.

399 Epi isi a, lè Setyèm So a, lè Li louvri L, Li pa mansyone L tou, wè. Alò nou wè ke son mistè total, donk lè a poko rive pou yo konn mistè a. Donk nou rive jis la a, e nap konn rès La apeprè nan moman lè Jezi pral parèt sou latè a ankò, pou Epouz Li, ou kèlkeswa sa kap pase nan moman sa a. Kounye a, jiska moman sa a, annou tout priye, viv on bon vi, dwat, Kretyen, pandan nap tann Vini Li.

400 E kounye a, si kasèt sa a ta dwe tonbe nan men kèk moun on kote, pa eseye fè on "is" kèlkonk. Sèl bagay pou fè, jis kontinye sèvi Bondye. Paske, gwo sekrè sa a tèlman gwo ke Bondye pa menm kite Jan ekri L. Li te revele L pa tonè a, men Li...kòm nou konn sa, Li pwomèt nou ke L ta dwe louvri. Men, pou kounyen an, Li pa louvri.

401 E kounye a nou rekonesan anvè Bondye pou sa Li montre nou. Sa fè uit jou ke m chita nan biwo m anlè a. Mesaj ke m jis fèk eksplike nou, anpil nan nou la a pral konprann. E m te pwomèt ke te gon bagay ki tap pase nan domèn espirityèl la, toutan, on bagay ke m te si ke nou pa tap wè. E men sa I ye; se konfirmasyon absoli ke entèpretasyon Ekriti sa a te voye pa Bondye.

402 Paske, anvan menm ke nou te antre Ladann, anvan ke m te pati pou Iwès, Seyè a te montre m on vizyon ou jou, vè dizè, on maten. E m te vin eksplike I la a, di ke m te genyen I; m pat konn sa I te ye. Se te on konstelasyon sèt Anj. Nap sonje sa a. Nap jwenn li sou kasèt la ki rele, *Ki lè I fè, Msye?* Eben, kounye a, se egzakteman sa nap wè kounye a. Sèt Anj yo... M te nan Iwès.

403 Nou sonje, ti mesaje yo; yo te ale vè lès. Dezyèm mesaje yo, kolonb yo, zwazo ti kal pi gwo, yo te ale vè lès. E apresa m gade... Yo te avè m, toutan. Sa se te Premye ak Dezyèm Poul.

404 Kounye a, Twazyèm la vin de Iwès, yo vini ak on gran vitès, epi yo ranmase m. Sa se te tounen lès, avèk mistè Sèt So sa yo. Jis tankou sak te di nan-nan rèv Junior Jackson an, ke Bondye te pèmèt mwen entèprete pou li, la a: "Andedan piramid sa a, te gen Wòch blan ki pat ekri anyen sou li." Se rezon sa a m te dwe ale nan Iwès, pou m te pran kontak ak Mesaj Anj sa yo, pou m te retounen isit la e revele L a legliz la. Sonje, m te di: "Pwochen bagay ki pral rive yo, pral isit la nan legliz la." Se egzakteman sa.

405 On lòt bagay, m vle nou remake sa ki rive. E si nou tandé kasèt la, *Ki lè I fè, Msye?* Nou pral remake te gon Anj ki te enpresyone m anpil. Lòt yo te parèt òdinè. Men Anj sa a te on Anj enpresyonan. Li te a goch mwen, nan konstelasyon fòm piramid la.

406 Epi, sonje, se te andedan piramid la a, ke te gen Wòch blan misterye a ki pat gen anyen ekri sou li. E Zanj yo fè m antre nan piramid la ke yo menm yo te fòme, mistè Bondye ke Yo menm sèl konnen. Konsa, Yo menm, se Mesaje ki te vin entèprete piramid sa a, oswa Mesaj sekrè Sèt So sa yo, ki repoze anndan piramid la.

407 Kounye a, Anj lan, ki te a goch mwen, li ki ta vrèman dènye a, ou setyèm Anj lan, si nou konte Yo de goch a dwat. Paske, Li te a goch mwen; m tap gade L, sot nan Iwès, alò ke L tap dirije L vè lès, donk Li te bò goch la. Alò, sa ta dwe Mesaj dènye Anj lan, ki trè enpresyonan. Sonje jan m te di Li gen, tèt Li kage dèyè; gwo zèl pwenti L yo; e jan L vole dwat sou mwen. Kounye a, sa se Setyèm So sa a. Li toujou on bagay enpresyonan. E nou... Nou pokò conn sa L ye, paske Li poko kase.

408 Men kounye a, nou tout isit la nan reyinyon an nou remake, ala on reyinyon sa a te ye! Tout moun te sanble... chita nan bout chèz yo. E tout moun te kanpe la a, a inè, dezè nan apremidi, ap tann pòt yo louvri, pou yo vin la a devan. Kanpe kont mi yo; manm kap fè mal, e tout bagay.

409 Kisa l ye? Se Sentespri a ki voye Mesaje sa yo desann, e Yo revele L ba nou. E apresa remake kijan sa a ale egzakteman ak Pawòl la.

410 Epi pou nou fè nou konnen apre ke se Verite, Li te predi l anviwon-anviwon de mwa la a, ou plis, anvan ke sa janm fèt. Ke, lè m te ale vè Iwès, san m pa konnen L; m tounen la a ak entèpretasyon an jan L te bay Li. Kounye a sonje, nan vizyon an, Li pa janm di m anyen nan vizyon sa a, lè L te leve m. M te efreye, m te pè m ta pral mouri, mouri nan yon eksplozyon. Nou wè, Yo pat ka fè l.

411 Entèpretasyon an vini jis jan m te bezwen L, ki te nan biwo mwen, epi m transmèt Li jan Li te bay Li.

412 Kounye a, nou wè, zanmi, vizyon yo pa fayi. Yo toujou parfè. Yo jis egzakteman vre.

413 Kounye a, vizyon an, plis Pawòl la, plis istwa a, plis aj legliz yo, e tou, tout sa al ansanm. Alò, m ka di vrèman, ke, nan pi bon konpreyansyon mwen, epi selon Pawòl Bondye, epi vizyon an, epi revelasyon an, entèpretasyon sa a se MEN SA SEYÈ A DI.

414 Kounye a, ke Bondye beni nou tout, nou chak, anpil, alò ke nap kanpe kounye a nap chante bon vye chan egliz sa a. Ke Bondye beni nou, nou chak. Amen.

415 [Frè Branham ajoute kat liy sa yo, ki soti nan paragraf 374-375 nan Mesaj li yè swa,  
24 Mas 1963- Ed.]

Mwen... (Bondye beni w!)... Mwen renmen Li, (ak tout kè m),

Paske Li renmen m an premye.

Bondye beni w, Frè Nevil...?... Rete nan pòs travay la...?...

